# ЗÆРДХЪУРМÆЙ ИМИСÆН, ХЪОНЦ КÆНÆН...



Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№33 (953) 2024 анзи 7 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман

## ПАМЯТЬ

*О Бесланской трагедии немало написано песен, стихотворений и документальных произведений, теле -и кинофильмов. В их ряду – песня «Так не бывает...» Она создана композитором Игорем Шишовым на стихи Сергея Трегубова. Песню озвучивали многие известные исполнители. Но первым ее озвучил легендарный Иосиф Кобзон. Сегодня мы предлагаем вашему вниманию текст этой песни.*

Так не бывает – Не плачут мужчины.
Так не краснеют, под осень рябины.
Так не пылают багровым огнем
Астры над первым сентябрьским днем.

Так не бывает – в детей не стреляют.
Сердце от черной беды замирает.
Ты им последним пристанищем стал
Черный от копоти школьный спортзал.

Словно ангелы, летят они над нами.
Не поняв своей вины,
Не укрывшись от беды.
Эти дети, унесенные ветрами
Необъявленной, неназванной войны.

Так не бывает – минуют недели,
Но неоткрытыми будут портфели.
И не начнется их первый урок,
Бал выпускной и последний звонок.

Так не бывает – и в памяти нашей
Будут живыми – Аслан и Наташа.
Так почему же от боли кричит
Скорбный огонь поминальной свечи.

Словно ангелы, летят они над нами.
Не поняв своей вины,
Не укрывшись от беды.
Эти дети, унесенные ветрами
Необъявленной, неназванной войны.

Так не бывает – и будет иначе.
Ибо мужчины – два раза не плачут.
И как зверье не бывает хитро,
В жизни всегда побеждает добро.

Пусть над землей – пролетают метели,
И понесут, дети в школу портфели.
Чтобы никто никогда – не узнал
Черный от копоти школьный спортзал.

Словно ангелы, летят они над нами.
Не поняв своей вины,
Не укрывшись от беды.
Эти дети, унесенные ветрами
Необъявленной, неназванной войны.

Эти дети, унесенные ветрами
Необъявленной..неназванной..войны.




Цийфæнди уæззау ристæн дæр æ дзæбæхгæнæг исуй рæстæг, зæгъгæ, кæд фæззæгъунцæ, уæддæр е, махмæ гæсгæ, бустæги раст гъуди нæй. Беслæни террористон фудракæнд арæзт ку 'рцудæй, уобæл инсæй анзи кæд исæнхæст æй, уæддæр нæ дзиллити, уæлдайдæр ба еци фудбæлахи ке сабийтæ, ке ниййергутæ, ке хеуæнттæ бастъалдæй, уони зæрдити рист ба æгириддæр нæ нидæн кæнуй. Уæдта, баруагæс уи уæд, цалинмæ аци фæлтæртæ цæронцæ, уæдмæ нæ нидæн кæндзæнæй. Сæ алæмæти уоди хъаурæ æма æгæрон фæразундзийнади фæрци кæд æма сæхебæл хуæцунгъон æнцæ, уæддæр сæ цæстисуг ба æгириддæр нæ исусуй... Нæ зундгонд поэт Балати Альберт уой фæдбæл е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финсуй:

*Фæлыгъди цындзинад нæ удтæй,*
*Ныртхутæг рохст зæрдæты арт,*
*Беслæн нын бавдæлон йæ хуртæй,*
*Фæлæ æгъуыстаг у нæ цард.*

*Нырма нæ зæгъинаг нæ загътам,*
*Æрбаци хурæргом ызнаг...*
*Сындзарм ныл сау сагъæс æруагъта,*
*Æгæрон мастæй риутæ – дзаг.*

*Нæ зынгхуыст ахсджиæгты мысæм,*
*Мæрдты бæстæ сын уæд дзæнæт!*
*Цæссыгæй сын сæ уæлмæрд 'рыхсæм,*
*Ысты нæ судзгæ рис, нæ мæт.*

Уомæ гæсгæ, куд инсæй анзей дæргъи алли анз дæр, уотæ аци анз дæр сентябри фиццаг æртæ бони нæмæ иссæнцæ уотид имисæн бæнттæ нæ, фал зæрдристæй хъонцгæнæн бæнттæ.

3

***Национ проект «Ахурадæ»-йи фæрци Беслæни арæзт æрцудæй еума астæуккаг ахургæнæндонæ, 9-аг скъола. Æрæги, 5 сентябри е ’ дуæрттæ парахаттæй байгон кодта æ фиццаг ахурдзаутæн – 550 кизгуттæ æма биццеутæн. Скъолай азгъунст æй æртæуæладзугон, ефтонггонд æй ахурадон гъуддаги æнæмæнгæ гъæугæ нурикkондæр мадзæлттæй.***



# «УОГÆ БА ЦÆЙБÆРЦÆБÆЛ АЛÆМÆТТАГ ÆЙ ЕЦИ ÆДЗАРД АДÆМИ ЦÆСТИНГАС...»


Михаил ЧЕРНОВ

Ульяновскаг хузæгæнæг **Михаил Чернов**, Беслæни æверхъау цаутæбæл инсæй анзи исæнхæсти бонмæ исфæлгонц кодта, уоми ка фæммард æй, уони хузтæ. Фæккуста сæбæл æнæгъæнæ фондз анзей дæргъи, архайдта, цæмæй сæ аци имисæн бонмæ æнæгъæнæй дæр исцæттæ кæна. Æма ин е бантæстæй. Уой дæр уоййасæбæл хуæрзаййевæй, æма равдисти рæстæг имæ æдзард сабийти нийййергутæ бацæуиуонцæ, арфитæ ин кæнгæй æй сæ хъури никкæниуонцæ.

– Æз си фæсмæргæ дæр неке кодтон, – зæгъуй Михаил Чернов, – æррæстæ син сæ хузтæ фæуууидтон. Нийййергутæй мин еу уотæ дæр ма загъта: «Къарти цидæр æгъуз æнцæ, дæу конд хузти ба сæ цæститæй цума цардæгасæй кæсунцæ, уотæ зиннунцæ...» Цæстингас ба, баруагæс уи уæд, берæ цæбæлдæрти дзорæг æй. Æма куд хузæгæнæг, уотæ уин зæгъун уой, æма тæккæ зиндæр гъуддаг æй хузæконди адæймагæн æ цæстингас равдесун.

Беслæни террористон фудракæндæ ку ’рцудæй, уæд Михаил æ райгурæн сахари скъолатæй еуей фарæстæймаг къласи ахурдзау адтæй. Æма æ карæмæ гæсгæ царди медæгæ цидæртæ æнхæст кæд нæма лæдæрдтæй, уæддæр еци æверхъаудзийнади хабар ба æ зæрдæмæ хъæбæр хæстæг райста, куд некæд, уотæ зæрдрист фæцæй.

– Хъæбæр мæ фæндадтæй Беслæнмæ фæццæун æма, сæ сабийтæ кæмæн байсавдæнцæ, еци нийййергути фæууинун, сæ размæ балæуун, сæ ристи хай син мæхемæ райсун кæд бантæсидæ, зæгъæ, зæрдтагонæй сæ нихъхъури кæнун.

Ульяновскаг хузæгæнæг Иристонмæ фиццаг хатт æрбацудæй 2009 анзи. Уæдæй фæстæмæ алли анз дæр ардæмæ æнæ ’рбацæугæ нæ фæууидæ, зонгæ кодта Беслæни цæргути хæццæ. 2008 анзи Михаил Чернов еу равдист исаразта. Адтæнцæ си, æнæнгъæлти æрцæуæг цаути фæдбæл министради æма сæрмагонд ервæзунгæнæг æфсæддон хаййи иуонгтæй Беслæни террористон бæлахæрцуди адæми ервæзун кæнгæй ка фæммард æй, уони хузтæ. Еци хузæгæндтитæ Михаил Чернов балæвар кодта сæрмагонд æфсæддон хай «Альфа»-йи музей æма Беслæнæн. Нур ба исфæлгонц кодта еци террористон фудракæнди æвуд адæмæй ка фæммард æй, уони сорæттæ æма еци хузтæ ба ’й фæндуй Цæгат Иристони цæргутæн балæвар кæнун.

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

**КОММУНАЛОН ХÆДЗАРАДИ**

# ДОНÆФСЕСАДИ ЕУГУР КЪАБÆЗТИ УАВÆРТИ ФÆХХУÆЗДÆРÆНÆН

Цæгат Иристони кæронмæ рахъæрттæй дони хæдзаради инфраструктури еугур муниципалон объекттæ дæр паддзахадон унитарон кустуат «РПВВ»-йи дæлбарæ æрбамбурд кæнуни куст. Нуриуæнгæ еугур районти донæфсесади системитæ дæр (байзадæй ма си цалдæр цæрæн бунати донуадзæнти юридикон статус исфедар кæнун) республикон кустуати бæрни бакодтонцæ.

Юридикон æма æндæр организацион фарстатæ лух кæнгæй, «РПВВ»-йи разамунд архайуй донæфсесади системи куст нæуæг фæткæбæл райаразунбæл.

Уотæ, фиццаградон фарстатæй еуебæл нимад æй, кустуатæн районти ци хайæдтæ фæззиндтæй, уони нæуæг техникæй ефтонг кæнун. Специалисттæ куд зæгъунцæ, уотемæй нуриуæнгæ районти донуадзæнти кустуаттæмæ хе экскаватортæ æма æндæр гъæугæ техникæ æстæн адтæнцæ. Æма дони хæтæлтæ ку ратониуонцæ (кенæ æндæр аварион куститæ кæнун ку багъæуидæ), уæд техникæ курдтонцæ æндæр организацитæй. Еци æууæл, ке зæгъун æй гъæуй, къулумпи кодта коммуналон фидбилизти фæстеугутæ еуварс кæнуни æмгъудтæ.

Цæмæй уотæ мабал уа, уой туххæй районти дæлхайæдтæн æлхæд цæуй нæуæг техникæ. Зæгъæн, Дигори районти фиалæн радех кодтонцæ дууæ экскаваторы æма дууæ хуæдтолги «УАЗ Фермер»-и. Еци техникон фæрæзнитæй пайда кæндзæнæнцæ Дигорæ æма Ирæфи районти.

– Нуриуæнгæ багъæуаги сахатти гъæугæ техникæ аренди истан. Нур еци кустæй ервæзт ан. Нæуæг техники фæрци пъланон кенæ аварион куститæ, æнæмæнгæ, зингæ фæрræвдзæдæр удзæнæнцæ, – зæгъуй «РПВВ»-йи Дигори районти филиали хецау **Тауасити Сослан**.

Нæуæг экскаватор æма хуæдтолгæ «УАЗ Фермер» лæвæрд æрцудæнцæ Горæтгæрон районæн дæр. Нæуæг техникон фæрæзнитæ бакодтонцæ кустуат




«Коммунресурсы»-йи бæрни (аци организаци дæр хæстæгдæр рæстæг исуодзæнæй «РПВВ-йи дæлхайадæ).

– Нуриуæнгæ ци техникæй пайда кодтан, уобæл 20 анземæй фулдæр цудæй. Ахид фехæлидæ, æма бабæй нæ куститæ фæкъкъулумпи уиуонцæ. Нур нæ кустадон æнтæстдзийнадæ зингæ ке фæгъгъомусгиндæр уодзæнæй, уомæй мæ нифс ес, – радзурдта «Коммунресурсы»-йи хецауи хуæдæйййевæг **Дзеранти Валери**.

Уæхæн бæлвурд фæтки бундорбæл архайд цæуздзæнæй иннæ лухкæнуйнаг фарстатæбæл дæр.

***Нæ уацхæссæг***

**ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ**

# НÆУÆГÆЙ КУСТМÆ РАЦÆУГÆЙ...

Отпуски рæстæг бауæр лæмæгъ кæнун райдайуй, фæйййахур уй æнцон цардиуагæбæл. Уæхæн рахаст фæззиндæр кæнуй косæги рацуд фæллойнадон архайдмæ, цалинмæ кустбæл нæуæгæй фæйййахур уй, уæдмæ.

Уомæй уæлдай, фæллойнадон уагæвæрдмæ рахезуни фæсте адæймагмæ нихмæвæрддзийнæдтæ дæр фæззиннунцæ фæндитæ æма æ ихæсти ’хсæн. Фал сæбæл берæ гъуди кæнæн нæййес. Кустмæ рацæугæй, зийнадæ еуварс кæнун гъæуй, цæмæй æвæлмастæй æрлæууай дæ кусти бунати, æма уой туххæй ба æнхæст кæнун гъæуй 7 хуматæг домæни.

1. Уотæ исаразетæ, цæмæй фæлладуагъдæй кустмæ рацуд ма рабæрæг уа уæ рахастбæл. Кæд отпуск кенæ фæлладуадзæн бæнттæ æндæр рауæн æрвистайтæ, уæд байархайетæ кустмæ рацæунæй еу-дууæ бони раздæр хæдзарæмæ раздæхун. Е уин устур агъаз фæуууодзæнæй кустмæ æнцондæрæй раздæхунæн.

2. Кустмæ рацæуни фæсте еугур гъуддæгутæ æнхæст кæнунмæ ма фæллæборетæ, сауæнгæ уæ фæсте куст кæд никкъулумпи æй, уæддæр. Минкъийгай архайун райдайетæ, кусти радæн пълан искæнгæй. Исаразетæ æвæстеуатæй æнхæсткæнуйнæгти номхигъд дæр, æма уонæй уæ куст райдайетæ.

3. Фиццаг дууæ-æртæ бони косун гъæуй æнцондæр уагæвæрдти. Куд нæ ранигъулайтæ, уой туххæй байархайун гъæуй хуматæг ахуæрди райдайун, кенæдта гæнæн ес, æма бахаудзинайтæ тухст уавæри. Идарддæр рæдудтитæ кæнæн нæййес, цæмæй ма расайонцæ лугъуздæр фæстеугутæ.

4. Отпуск кенæ бæрæгбæнтти фæсте фиццаг цалдæр бони кусти ма байзайетæ 18:00 сахаттемæй фæстæдæр. Кæд гæнæн уа, уæд байархайетæ еуминкъий раздæр рацæунбæл æма рацо-бацо ракæнетæ кæдзос уæлдæфи.

5. Кусти ци берæ гъуддæгутæ бамбурд æй, уонæй кæд нæййес хе райеуварс кæнæн, уæд алли сахат дæр минкъий рауолæфетæ, рæфтади фæсте ба, æнæмæнгæ, рацотæ гъæунгæмæ æма уæхе райерхæфсетæ.

6. Кустмæ раздæхуни фæсте фиццаг фæлладуадзæн бæнтти ма байевдæлетæ уæ фатертæ æфснайунбæл, не ’нгъезуй рæзæдæнтти, будуйрон куститæ æма æндæр архайд кæнун. Ци уæ фæндуй, уонæй уæхе гъæуагæ ма ниуудзетæ, ахиддæр цотæ фестæгæй, цотæ киномæ, иуазæгуати, аллихузон зæрдæигъæлдзæггæнæн мадзæлттæмæ.

7. Отпуски рæстæг беретæ исахур унцæ æндæр фæткæбæл, дзæвгарæ фæстæдæр исистунцæ сæумæй, уæддæр ма сæ хуссæг фæйййахæссуй. Уомæ гæсгæ, аци ахур зин фехалæн фæууй отпуски фæсте. Бауæрбæл цæхгæр æййивддзийнæдтæ цæмæй ма фæззиннонцæ, уой туххæй байархайетæ раздæр хуссæнуат байагорунбæл. Уомæн æма уæмæ сæумæй цæйбæрцæ фулдæр хъæуритæ уа, уойбæрцæ æнцондæрæй цæуудзæнæй уæ куст.

***БЕСЛЕХЪОТИ Иринæ, дохтир.***

**Цæгат Иристони адæмон поэт, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат, Кокайти Аврами фурт Тотразбæл 5 сентябри исæнхæст æй цуппаринсæй анзи. Æнæнез æма æнтæстгин нин уо, Тотраз, нæ хъазар æмбал!**

*Зундгонд уруссаг философ Василий РОЗАНОВ (1856-1919) фæдзахста: «Мæ мæлæти фæсте мæ еске ку уарза, уæд æй макæмæн исгъæр кæнæд... «Мадта рагон китайаг фастихадзи Конфуций ба загъта: «Адæм сæ мæрдтæн кадæ ку кæнонцæ, сæ фидтæлти ку нимайуонцæ, уæд се 'хсæн фарнæ нæуæгæй æрфедар уодзæнæй...»*





# ЗÆРДХЪУРМÆЙ ИМИСÆН, ХЪОНЦ КÆНÆН...

1 Уони хуæдразмæ нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** Цæгат Иристони цæргутæмæ æ фæдздзурди уотæ баханхæ кодта:

– Аци анз мах æмбæлæн уæззау цаубæл – инсæй анзи рацудæй, Беслæни террористон фудракæндæ арæзт ку 'рцудæй, уобæл. 2004 анзи 1 сентябри террористтæ Беслæни 1-аг скъолай ахури нæуæг анз райдайуни фæдбæл бæрæгбони мадзали архайæг ахурдзаути æма сæ ниийергути, сæ ахургæнгути амæнати ку райстонцæ, уæд е иссæй, фæстæмæ раздæхæн æма фæййервæзæн кæмæй нæбал ес, уæхæн æверхъаудзийнадæ. Нæ цардиуагæ нин бустæги исфæлхадта, зонундзийнæдти кæддæри райдзаст Бон нин иссæй æностæмæ асдзæгъдгæ рист, æма бауорамæн кæмæн нæййес, уæхæн хъонц.

Нур, инсæй анзей дæргъи, сентябри фиццаг æртæ бони Цæгат Иристони æнæгъæнæй дæр исунцæ саударуни бæнттæ, фæимисæн, еци фудбæлахи ка фæммард æй, еци сувæллæнттæ æма хестæрти. 334 царди бабун кодтонцæ, адæймаг исхонун дæр ке нæ æнгъезуй, еци æлгъистæгтæ. Некæци хузи ес адæймаг исхонæн, сæ цъамар фæндитæ цийфæндийæй дæр исæнхæст кæнунмæ ка гъавта, нæдæр хатир æма нæдæр тæрегъæд ци æй, е кæмæ нæ гъардта, уони. 334 æвуд адæймаги, 186 си сувæллæнттæ, уонæн 1-аг скъолай æбуалгъ спортивон залæй уодæгасæй рацæуун сæ бон нæбал бацæй.

Нæ еугур дæр уоййасæбæл зæрдрист ан, æма ни нуриуæнгæ дæр не 'руагæс кæнуй, еци æверхъау фудракæндæй абони уæнгæ инсæй анзи ке рацудæй, е. Раст цума æзинæ 'рцудæй, уотæ нæмæ кæсуй – уæхæн зæрдристæн евгъуди æмгъудтæ нæййес. Уой, сæ цардгъон кæстæрти ка байвардта, еци мадтæлтæй, сæ хеуæнттæй ка фæффудевгед æй, уонæй хъæбæрдæр неке лæдæруй. Лæдæрун æй, етæ цитæ бавзурстонцæ, уой фудæй сæ уодтæ кæмæй гъезæмарæ кæнунцæ, еци гъæдгинтæ, рæстæг ке бадзæбæх кæнуй, уæхæнттæ нæ 'нцæ. Фал удæй федар угæй, се 'гæрон уæззау ургъ уæзæн сæттун нæ бакомгæй, етæ сæ уæззау хæссуйнæгтæн фæразон угæй цæрунцæ, террористти амæттаг ка бацæй, сæ еци хеуæнтти туххæй имисуйнæгтæ аккагæй хæссунцæ.




Беслæни фиццаг скъолай ци фудбæлах æрцудæй, е инсæй анзей дæргъи иссæй айдагъ хецæн биййонти æма хецæн сахари рист нæ – е иссæй нæ еумæйаг æрхун. Еци фудбæлахи ка бастъалдæй, уони хеуæнтти, уæдта си æфхуæрд ка 'рцудæй, уони фарсмæ абони 'нцæ, куд нæ республики, уотæ нæ бæсти, дуйней иннæ паддзахæдти мингай рæстзæрдæ адæймæгутæ дæр.

Гъо, 2004 анзи Беслæн, гъулæггагæн, æхебæл бавзурста, устур фудхæрандзийнадæ ци æй, уой. Фал уæддæр, уæдæй ардæмæ ци рæстæг рацудæй, уой дæргъци аци сахар иссæй еугуремæй дæр зæрдæргомдæр искувдтити, тæккæ алæмæттагдæр хуарздзийнæдти дæнци, тæрегъæд кæнуни æма уарзондзийнади рауæн. Ардæмæ инсæй анзей дæргъи цæуунцæ уæлдай рохсдæр удгоймæгтæ, фæндуй сæ террористон фудракæнди амæттæгти хеуæнтти рази æрлæуун, се 'рхун син сæхемæ дæр райсун, ка си райервазтæй, уони уодти хъаурæй фæннифсгундæр ун цард рæстуодæй аразунмæ. Анзæй-анзмæ еци уолæн минкъийдæр нæ кæнуй, æма е ба 'й, Беслæн еунæг ке нæй, уой æвдесæн, æма мах гъæуама æгириддæр ма исустурзæрдæ уæн адæймагадæ æма адæймагдзийнадæбæл, нифсдæттæг нин гъæуама уонцæ цийфæнди уавæрти дæр.

Инсæй анзей дæргъи исирæзтæй нæ республики цæргути нæуæг фæлтæр. Уæди фудбæлахи ка бахаудтæй æма си ка райервазтæй, еци уацайрæгтæн сæ тæккæ-тæккæ кæстæртæ дæр нур рабайлæгъ æнцæ – æ фурристи гъæр æ цъухтæбæл фегуппæг æй, еци **Геуæрги** дæр, æ цæстингас алæмæти арф кæмæн адтæй æма киристон дзиуарæ æ реубæл кæмæн адтæй, еци **Дианæ** дæр, сæрмагонд нисанеуæги æфсæддонти къуарæй еу еци зиндонæй æ гъæбеси ци дзедзедай кизги рахаста, еци **Аленæ** дæр... Æз уотæ æнгъæл дæн, æма алкедæр ни гъуди кæнуй еци æдзæм, фал уой хæццæ ба æгуппæггæнæг къартæ – етæ иссæнцæ Беслæни фудбæлахи зæрдæбæлдарæн нисантæ.

Уæди сæдæгай бæгъатæр сабийтæ, рабайлæгъ угæй, абони аразунцæ сæхе æма нæ Фидибæсти зæрдæмæдзæугæдæр исонибон, ахур кæнунцæ, косунцæ, беретæ си сæхуæдтæ иссæнцæ ниййергутæ. Цард, куд берæвæрсуг æй, утемæй æ размæцуди æнæрлæугæй цæуй – уомæн æма е æй мæлæтæй тухгиндæр, хуарздзийнадæ ба кæддæриддæр лæгъуздзийнадæй уæлахезондæр адтæй æма уодзæнæй.

Иристони ралæудтæнцæ хъонци бæнттæ, æма етæ 'нцæ куд нæ уæззауæй-уæззаудæр æрхун, уотæ нæ федар еудзийнадæ æвдесæг бонтæ. Махæн нæ еугуремæн дæр еци рæстæг æнæгъæнæй дæр ахсгиаг æй уомæй, æма исуй, беслæйнаг сувæллæнттæ, беслæйнаг фидтæлтæ æма мадтæлтæ еу ке ан, Беслæни фудбæлахи мæстæйдзаг фæстеугутæ нæ зæрдæбæл ке бадардзинан, уомæн ирд æвдесæн.

Нæ сæртæ ниллæг æркъолæ кæнæн амæнати бахаугæй си ка фæммард æй, еци сувæллæнтти, хестæрти, сæрмагонд нисанеуæги къуари иуонгти зæрдхъурмæй имисгæй, сæ кæстæртæ 1-аг скъолай кæмæн бастъалдæнцæ, еци ниййергути уодти федардзийнади рази. Трагедий амæттæгтæ рохсаг уæнтæ. Иннæ гъигæдард баййафæг адæм ба еугурæй дæр æнæнез æма сабур царди фарнæй хайгин уæнтæ!..

Æртæ имисæн бони... Фиццаг бон сауæнгæ сæумæрагийæй сауæнгæ изæрдалингти уæнгæ Беслæни скъолай террористти амæттæгти рохс нæмттæ æримисуни фæндæй аци фудæнхи рауæнмæ æнæрлæугæй цудæнцæ æма цудæнцæ мингай адæймæгутæ – нæлгоймæгтæ æма силгоймæгтæ, кæстæртæ æма хестæртæ... Зæрдæбæл куд не 'рбалæууй е дæр, æма инсæй анзей размæ дæр раст уæхæн райдзаст сæумæ искодта, аци скъолай тургъæмæ, сæ райдзаст исонибонмæ æхцæуæнæй бæлгæй, рохс гъудити хæццæ ахури нæуæг анзи райдайæни зонундзийнæдти бæстæмæ хонæгæн син федоги хузæн ци фиццаг дзæнгæрæг ниййазæлдзæнæй, уой фæдбæл бæрæгбони мадзалмæ рæсугъд деденгути бæстити хæццæ ка цудæй, уонæн... Фал фæффудевгед æнцæ... Сæ цийнаг бæрæгбон син зиндонæ фестадæй...

Уæдæй абони уæнгæ райевгъудæй инсæй анзи... Æма уæд еци зиндонæй ка райервазтæй, етæ нур сæргубурæй, цæстисугæй идзаг цæстити хæццæ ралæудтæнцæ, се 'дзард æмбæлттæ æма ахургæнгути къариститæ бæрзонд исесгæй. Инсæй анзей фæсте дæр бабæй райзæлдæй скъолай фиццаг дзæнгæрæг – æцæг, уæди фудбæлахи ка бастъалдæй, уони номерæнæн, аци хатт деденгутæ дæр лæварæн не 'рбахастонцæ – æрбахастонцæ сæ спортивон залмæ, еци фудбæлахи амæттæгти номерæнæн, уони номбæл иссодзун кодтонцæ мудадзин цирæгътæ дæр...

Беслæни фудбæлахи ка бастъалдæй, уони рохс нæмттæ æримисуни фæдбæл ци берæ аллихузон мадзæлттæ арæзт цудæй, уони рæстæги фиццаг скъолай тургъи, раст спортивон зали комкоммæ игонгонд æрцудæй итайлаг скульптор **Ренцо Вандий** конд скульптурæ «Крик Беслана». Зундгонд куд æй, уотемæй Ренцо Ванди аци скульптурæ искодта 2006 анзи, уæд æвæрд æрцудæй итайлаг сахар Сан-Мариной, нур ба 'й бафæндадтæй, цæмæй æ халдех скульптурæ лæууа Беслæни дæр, фудбæлах кæми 'рцудæй, раст гъе уоми. Аци цауи туххæй бæлвурддæр æрмæг кæсетæ 5-аг фарсбæл.

Аци бæнтти ма Беслани фиццаг скъолай азгъунсти арæзт музейи игонгонд æрцудæй, фудбæлахи ка бацарæфтуд æй, уони хузтæ. Исхузæ сæ кодта сахар Ульяновски цæрæг хузæгæнæг **Михаил Чернов**. Уой туххæй ба æрмæг кæсетæ 2-аг фарсбæл.

Имисæн бæнтти уæлдай зæрдхъурмæй æрбацæуунцæ, инсæй анзей размæ спортивон залæй ка райервазтæй, етæ. **Хъибизти Райæ** уæд 2-аг къласи сабийтæн адтæй ахургæнæг. Æ цæстисуг нæ урамуй, æ зæгъуйнæгтæ, дзорун ин зин æй.

4

**Иристони зингæ паддзахадон æма æхсæнадон архайæг, рохситауæг Байти Василийи фурт Гаппой (Геуæргий) райгурдбæл 5 сентябри исæнхæст æй финддæс æма авдинсæй анзи (1869-1939).**

***Владимир ПУТИН, Президент Российской Федерации: «Ужасный террористический акт, который унес жизни 334 человек, из них 186 детей. Трудно себе это даже переставить... Конечно, эта трагедия останется незаживающей раной в исторической памяти всей России. А для тех, кто пострадал, для вас, для ваших семей, для тех, кто потерял самое***





# ЗÆРДХЪУРМÆЙ ИМИСÆН, ХЪОНЦ КÆНÆН...

– Мæ зæрдæбæл алцидæр лæууй, ахургæнгутæ се скъоладзаути куд агурдтонцæ зали, – айдагъдæр уой зæгъун исфæразта, Беслæни 1-аг скъолай 44 анзи райдайæн къласти ахургæнæгæй ка бакуста, еци силгоймаг. Исрæмугъди фæсте спортивон залæй ка райервазтæй, еци кизгæ – **Хосонти Дзерассæ** имæ бацудæй, æхе ниттухта æ ахургæнæгбæл. Гъулæггагæн, гъигæдард баййафта исрæмугъдæй, æ цæстæ æ уæле нæбал æй...

Зиндони артæй райервазтæй, уæд æстæймаг къласмæ ка бацудæй, еци цардбæллон биццеу **Къомайти Æхсарæ**. Скъолай тургъи исæмбалдæй е 'мкъласонти хæццæ, хъонци бон кæд æй, уæддæр кæрæдзебæл бациййнæ кодтонцæ.

– Уæззау бæнттæ 'нцæ, гæнæн нæййес... Нæ зæрдити нин цæргæ-цæрæнбæнтти 'нцæ нæ хæццæ ка нæбал æй, нæ еци æмбæлттæ, – æрхун гъæлæсиуагæй дзоруй Æхсарæ. – Аци зин хабарæн иронхгæнæн нæййес. Фал идарддæр цæрун гъæуй, косун æма змæлун, цæрди цалх зелуй идарддæр. Бадзорæн кæрæдземæ, фембæлæн нæ цийни дæр æма гъиги дæр. Аци хабари фæсте цардæн æндæр аргъ кæнун, адæймаг зиндзийнæдти фæсте æндæр цæстæй кæсун байдайуй цардмæ. Цæйбæрцæ мæбæл цæуй, уомæй каргундæрбæл нимайун мæхе. Уотæ мæмæ кæсуй, цума уæззаудæр зунд æрцæуй адæймагмæ. Дзæбæх нин уæнтæ нæ хестæртæ, дзæбæхæй цæрæнтæ нæ кæстæртæ, мах ба фæраздзинан...

**Туати Анастасия** еци анз æхсæзæймаг къласмæ бацудæй, сæ параллелон къласи ахурдзаути хæццæ е 'мбæлттæй фæгъгъудæнцæ аст æма инсæййемæй... Нæхе цæстæй фæууидтан, ка си фæййервазтæй, етæ куд зæрдиагæй цийнæ кодтонцæ кæрæдзебæл, сæ уадæлттæбæл цæстисугтæ уайгæй...

– Нæ хъаурæ æма æнцойнæ нин æнцæ изолдæр цæрунæн, кæрæдзей уарзунæн, мах хæццæ ка нæбал æй, уони гъуди кæнун. Уæлæрвтæмæ сæмæ искæсæн æма нæ гъудитæ æрветæн. Æруагæс ми кæнуй, етæ дæр нæбæл нур хуарзæн ке ауодунцæ. Ме 'мбæлттæ багъомбæл æнцæ, аккаг адæймæгутæ исцæнцæ. Беретæ си косунцæ дохтиртæй, ахургæнгутæй, ервæзунгæнгутæй, кадæртæ се 'фсæддон ихæс æнхæст кæнунцæ сæрмагонд æфсæддон операций. Цард æхе кæнонтæ кæнуй, уæди сабийтæ нур æнцæ берæсувæллонгин мадтæлтæ æма фидтæлтæ. Мæхуæдæг нур минкъий кизгæ нæбал дæн, исахур кодтон, косун. Кæд гæнæн ес, уæд мæ фæндуй зæгъун, куд берæ уарзун сæ еугурей дæр! – æфсæрмигæнгæй загъта Анастасия.

Анастасия куд загъта, уотемæй уæди амæнати ка бахаудтæй æма си ка фæййервазтæй, уонæй еуетæ нур архайунцæ сæрмагонд æфсæддон операций, беретæ си хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ паддзахадон хуæрзеугутæй: **Айларти Аслан** – Жукови майданæй, **Хæсигати Сослан** – майдан «За боевое отличие»-йæй, **Кокайти Илья** – Суворови майданæй. Се 'ртæбæл дæр амæнати ку адтæнцæ, уæд цудæй 7-8 анзи.

Инсæй анзей размæ 1-аг скъолай амæнати адтæй биологий ахургæнæг **Суанти Светланæ**.

– Адæймагæн æ цæститæбæл уайунцæ, ци уаваæрти адтан еци цалдæр бони, етæ. Иронх дæр ни некæд кæнунцæ, фал æнзти цуди хæццæ рист нæ минкъийдæр кæнуй. Уæхæн бон нæ фæууй, нæхе медæгæ сæ кæд не 'ргъуди кæнæн ахургæнгути хæццæ, аци æртæ бони бустæги уæззау фæуунцæ. Мæ зæрдæ ниссæххæтт кæнуй, террористон цаути, исрæмугъдтити, тугъди цаути кой ку фегъосун, уæд. Сувæллæнтти къартæмæ, ку фæккæсун... (æ цæстисуг сæрфуй), зæрдæй не 'ронх кæнунцæ... Уæддæр адæймаг цæруй... Нæ ахурдзаути хуарздзийнæдтæ ку фæуунæн, бийнонтæ ку искæнунцæ, кæстæртæ син ку фæззиннуй, уæд нæ зæрдитæ барохс унцæ. Æгайтима сæмæ уойбæрцæ хъаурæ ес. Æнæнез уæнтæ, идарддæр сæ цард дзæбæхæй куд æрветонцæ, е нæ фæндуй, – æ арфитæ кæнуй амæнати ка адтæй, еци гъомбæлгæнæг.

Беслæнмæ аци бæнтти цудæнцæ æма цудæнцæ адæм айдагъ Иристони, айдагъ Цæгат Кавкази аллирауæнтæй нæ, фал Уæрæсей берæ-берæ рауæнтæй дæр. Оренбурги облæсти Шарлыки гъæуæй Беслæнмæ иссудæнцæ сувæллæнтти адæмон театр «Смешинка»-йи хуæдахур артисттæ, уæдта Мæскуй 937-аг скъолай æригон æфсæддонти къуар. Скъола хæссуй **Александр Перови** ном, е бæгъатæрæй фæммард æй, амæттæгти уæгъдæгæнгæй.

Гъиги бæнтти Иристонмæ иссудæнцæ Турки цæрæг ирæнтти æхсæнади сæргълæууæг **Хъусати Садреттин** æма **Сæбæтхъуати Джан**. Гъигæзæрдæ æма сагъæсхуз адтæй сæ дзубанди хестæр æма кæстæр фæлтæри минæвæрттæн. Хъусати Садреттин уотæ загъта:

– Кæд ардигæй изол цæрæн, уæддæр Иристони тог æма стæгæй конд ан, Иристони цийнæ æма тухстæй нæхе хайгинбæл нимайæн. Аци бæнтти алли анз дæр æрæмбурд уæн нæхе æхсæнади, имисæн æма кадæ кæнæн трагедий амæттæгтæн. Æртæ кæдзос ирон гъæуи ма байзадæй Турки. Æртæ мин бæласи ниййарастан уоми сувæллæнтти номбæл. Иристойнаг лæхъуæнтæ, æхсæнадæ «Портал», зæгъæ, уордигæй Туркмæ 'рбацудæнцæ æма еу сауæдонæ æргъуди кодтонцæ исаразун, æ алфамбулай ин исæхгæдтонцæ æфсæйнагæй, æ астæу ба сауæдонæ игуруй. Ниуазун дæ ку бафæндæуа, уæддæр дин амал нæ уодзæнæй, уомæн æма, сувæллæнттæ æдонугæй ке мардæнцæ, уой æвдесæг æй. Беслæни мадтæлти дæр æрбахудтан, уæлмæрдæй сикъит æрбаластæн æма 'й бæлæсти алливарс рапурхæ кодтан. Уæхæн трагеди Хуцау знагæн дæр ма исаккаг кæнæд, макæдбал æрцæуæд зæнхæбæл.

Сæбæтхъуати Джан ба загъта:

– Фиццаг хатт нæ дæн ами. Аци бон зин бон æй, Турки цæрæг ирæнтти номæй ан ами, цæмæй æрлæууæн не 'нсувæрти рази, сæ гъигæ син фæрпæуæгдæр кæнæн. Мах ирæнттæ ан!

Фæсарæнтæй ка 'рбацудæй, уони хæццæ 'нцæ Франци æма Хорватий минæвæрттæ дæр.

«Беслæни мадтæлтæн» ци пресс-конференци исаразтонцæ, уоми, минут сабурæй ралæугæй, æ архайгутæ иссирдтонцæ теракти амæттæгти рохс нæмттæ. **Гæдиати Анетæ** куд бафеппайдта, уотемæй силгоймаг æнгъæл адтæй, Беслæни трагедий фæсте дуйне, гæнæн ес, фæххуæздæр уодзæнæй. Гъулæггагæн, уотæ нæ рауадæй, дуйней фæффулдæр æнцæ тухмиутæ, маст æма рист. Æвæдзи, хуæрзаудæн хъауритæ фагæ нæма 'нцæ, æма ма нерæнгæ сæ хъаурæ уойбæрцæ нæй, фæуууæлахез унæн.

Саударæн мадзæлтти Уæрæсей Сурх дзиуари æхсæнадон организаци исаразта киунугæ «Красный крест. Беслан, мы вместе»-йи презентаци, æвдист æрцудæй **Цæликкати Вадими** документалон киноливæ «Граждане Беслана». Дзæуæгигъæуи Сабурдзийнади фæзи рацудæй литературон-музыкалон изæр – реквием.

* * *

Беслæни террористон фудракæнди ка бастъалдæй, уони имисæн мадзæлттæ ма арæзт æрцудæнцæ 2-3-аг сентябри, куд Беслæни æма нæ республики æндæр рауæнти, уотæ Уæрæсей берæ регионти, фæсарæйнаг паддзахæдтæй беретæми Цæгат æма Хонсар Иристони.

*Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта ГÆТИЙТИ Светланæ.*
*Къартæ исиста Татьянæ ШЕХОДАНОВА.*

## МАД ЙÆ ФЫРТЫ СКЪОЛАМÆ ÆРВЫСТА

*(Беслæн)*

...Саби
йæ гыццыл уæрджытыл
къулы фæдджийы
æрхаудта,
æртымбыл.
Абон фыццаг хатт,
фыццаг хатт –
фæстаг хатт,
йæ мады фæдджийæ фæхицæн...
Дзуры йæхицæн,
йæхицæй – йæхимæ:
– Цæмæн мæ фæсайдта гыцци та?
Скъола, дам, хорз у. –
Йæ тасдзыд цæстытæй
ыскасти, ыскуыдта.
Йæ уæлхъус
ыслæууыд,
ыслæууыд лæгсырд!
Лæбурдта
йæ цæстытæй
сау калм,
сау-сауид маргæйдзаг калм...
Йæ марæн хæцæнгарз
тæлфыди йæ къухы,
нæмыгæйдзаг хъатара
й' астæуыл тухы.
Сабимар – лæгсырд.
Ау,
мады гуыбынæй нæ рацыд?!.
...Саби
ноджы тынгдæр æртымбыл.
Фыртæссæй
йæ иртæст, йæ ивæзт цæстытæ
æрзылдысты хатæны къуымты
æххуысгур.
Фæлæ...
Се 'ппæты 'нгасы дæр – иунæг –
йæхи фарст:
сæ аххос цы уыдис,
цы 'рцыдис?!.
Лæгмарджыты риуты
цы фыдæх ыссыгъдис?
Цæуылнæ сæ уадзынц сæхимæ?
Сæхимæ – гыццимæ!
...Сабийæн акалд йæ сурхид,
бынтондæр æртымбыл,
йæ гыццыл уæрджыты 'хсæн
тарст уд æрныгъуылд.
Йæ сабийы зæрдæ
йæ сабийы риуы
ахæм цæлхъытæ ныккодта,
'мæ йæ бындзарæй æнкъуыста.
Фæндыд æй ысдзурын:
Цæуылнæ мæ уадзут
нæхимæ!..
нæхимæ!..
нæхимæ!..
Йæ ивæзт, йæ иртæст цæстытæй
налхъуыттау
йæ цæссыгтæ хаудтой.
Фæндыд æй ысдзурын, фæлæ...



***дорогое, что есть у человека – детей, – это будет раной, кровоточащей всю жизнь. И поэтому я, прежде всего хочу выразить еще раз соболезнование... Мы, конечно, в эти дни вспоминаем и сотрудников спецслужб, бойцов спецподразделений ФСБ, которые своими телами прикрывали детей, скорбим по погибшим товарищам из МВД, МЧС...»***







Йæ ныхæстæ бадынц йæ хъуыры.
Ризы æмризæджы саби,
хауы йæ гыццыл,
йæ тыхст зæрдæ
дисы:
– Ау! Куыд хъуамæ уа афтæ,
æмæ ма хатой ацы хотыхджынтæ
сабиты риссын?
Фæлвары та дзурын, –
йæ дзырдтæ
йæхицæй йæхимæ нæ хъуысынц.
Хатæны къул æй,
магнитау, йæхимæ нылвæста...
Æвиппайды къултæ
æмæнкъуыст ныккодтой,
æмæ утæппæт сабиты
æмхъæрахст, æмхъыллист ныннæрыд...
Бауазал сабийы зæрдæ
æмæ къулы фæдджийæ
астæрды фæдджимæ ’рхаудта...
Разылд ыл дуне,
йæ гыццыл зæрдæ йын
æркодта йæ быны...
Нæ йæм зыны уырдæм,
йæ зыны йæ гыцци
æххуысмæ!
Нæ зыны!..
...Æргуыбыр æм кодта уæд чидæр
йæ уарзаг, йæ рæвдауæг хотау.
Йæ цæссыг гæр-гæрæй æркалди,
æрызгъæлди сабийы рустыл...
Тылдта йæ, дзырдта йæм:
– Куыд ма уæм?!.
Куыд ма уæм?!.
Диссаг, цæссыгты уымæлæй
саби йæхимæ æрцыди
æмæ тæригъæддаг, дондзаст цæстытæй,
кæй цæнгтыл уыд,
уымæ ыскасти.
Йæ гыццыл зæрдæ йын
æнахуыр, æгæрон,
æгæнон тых
размæ рæдывта...
Чызг æй йæ риумæ
æлхъывта.
Йæ кæддæры хъулон
æфсымæры хуызæн ын
нал æфсæст батæй...
Уалынмæ хатæн
ногæй æмызмæлд,
æмхъыллист куы систа!

Сабийы зæрдæ
æрфынæй... æрфынæй...
æрæндад тæлфынæй...
...Æрхуымæй æркасти
цъæх арвæй
æрхуы мæй...
Дуне ахæм рæсугъд уыд
уыцы ирд фæззыгон бон,
æмæ чи зыдта, æмбойны
ам
агъуыд лæгсырдтæ
æназым тугæй
уадздзысты сæ дойны...

***КОКОЙТЫ Эльзæ***

# «НУР БА НÆ ИХÆС ÆЙ АДÆМИ ЕРВÆЗУН КÆНУН...»



Беслæни фудбæлахи амæттæгти имисуни туххæй арæзт мадзæлтти рæстæг Беслæни фиццаг скъолай тургъи, 2004 анзи фиццаг сентябри террористтæ уордæмæ ку балæбурдтонцæ, уæд амæнати ци адæми райстонцæ, уони кумæ батардтонцæ æма æртиккаг сентябри ци æвуд 334 адæймаги бастъалдæй, еци спортивон зали тæккæ комкоммæ æвæрд æрцудæй италийаг скульптор Ренцо Вандий конд скульптурæ «Беслæни гъæр». Аци скульптурæ ’й, Ренцо Ванди ке исфæлгонц кодта æма 2006 анзи италийаг сахар Сан-Мариной æвæрд ка ’рцудæй, еци скульптурæ «Æгуппæг гъæр»-и æмхалдех. Аци циртдзæвæн байгон кæнуни фæдбæл мадзали архайунмæ æ исфæлдесæг æхуæдæг дæр Италийæй æрбацудæй Иристонмæ сæрмагонд делегацийæй – æ хæццæ ма си адтæнцæ игъустгонд флейтисткæ Моника Морони æма Хонсар Иристони фæсарæйнаг гъуддæгути сæрмагонд минæвар Италий Мауро Мураджа.

Ренцо Ванди æхуæдæг куд радзурдта, уотемæй æ исконд скульптури халдех Иристони адæмæн балæвар кæнуни гъуди имæ æрцудæй, Беслæни фудбæлахи æрцудбæл инсæй анзи ке æнхæст кæнуй, уомæ гæсгæ.

– Æнæгъæнæ дуйней дзиллитæ зæрдæскъуд фæцæнцæ еци æверхъау цаути фæсте, – зæгъуй Ренцо Ванди.

Скульптори эскизтæ æхемæ байзадæнцæ æма сæ Уæрæсебæл исæмбæлун кодтонцæ, уордигæй ба Цæгат Иристонбæл. Ами ба Зæнгиати Таймурази æрмадзи арæзт æрцудæй еци циртдзæвæн.

Скульптури сорæт фæлгонцгонд æрцудæй бæлвурд биццеуи къарæмæ гæсгæ – 2024 анзи скъолай ци æверхъау цау æрцудæй, уоми ка бахаудтæй æма си цардæгасæй ка райервазтæй, уонæй еу адтæй авданздзуд Георгий Ильин. Æрдæгбæгънæг биццеу цъæхахст кæнгæй уæди зиндонæй куд райервазтæй, уотемæй ин исистонцæ æ къарæ. Æнгъæлдæн, абони дæр бæрæг нæма ’й къаресæги ном, фал къарæ ба берæ бæстити газетти фæрстæбæл æрцудæй мухургонд. Берæ адæм æй фæууидтонцæ. Уодаист тарст биццеуи къарæ фæууидта Ренцо Ванди дæр æма имæ уотемæй уайтæккæдæр фæззиндтæй уой сорæт бронзи исфæлгонц кæнун. Автор куд зæгъуй, уомæ гæсгæ скульптурæ ку исаразта, уæд æй гъавта Беслæнæн балæвар кæнун, фал ин Сан-Мариной сахари разамунд балигъстæ кодтонцæ, цæмæй æй уоми исæвардтайуонцæ.

– Мах гъæуама нæ зæрдитæбæл дарæн, ци ’рцудæй, уой, уомæн æма, гъулæггагæн, зæнхи цъарæбæл берæ бæстихæйтти цæргутæ лæдæргæ нæ, фал гъуди дæр нæ ракæнунцæ, дуйней иннæ кæрони ци фудбæлæхтæ цæуй, уой, – зæгъуй скульптор. Ку зæгъæн, е æхуæдæг дæр архайдта, Беслæни ци имисæн мадзæлттæ арæзт æрцудæй, уонæми.

Адæм цæунцæ скъоламæ, хæссунцæ деденгутæ, сувæллæнтти къарти рази исодзунцæ мудадзин цирæгътæ. Зæрдæскъудтæ фæцæнцæ италийаг делегаций иуонгтæ, Беслæни ци фудбæлах æрцудæй, уони комкоммæ базонгæй æма фæууингæй.

– Еу гъуддаг æй, идардæй хабæрттæмæ кæсун, – æндæр хабар ба ’й, еци фудбæлахи ке сувæллæнттæ бацарæфтуд æнцæ, еци мадтæлти размæ балæуун, ратæфирфæс син кæнун, дæ хъури никкæнун, сæ хæццæ æмхъонцгæнæг ун, – зæгъуй Ренцо Ванди.

Устур аргъ искодта Ванди, æ скульптури халдех исаразæг уæрæсейаг скульптортæн. Куд загъта, уотемæй еци халдех æ оригиналæй æгириддæр нецæмæй хецæн кæнуй. Скульптор æхуæдæг æргомæй уой дæр зæгъуй, æ куст биццеуи къарæмæ гæсгæ ке исаразта, уæдта Георгий Ильини хæццæ дæр комкоммæ ке базонгæ ’й.



Георгий Ильин æхуæдæг дæр кæд æма имисæн бонти мадзæлтти архайдта, уæддæр скульптурæ игон кæнуни рæстæги ба уордæмæ нæ бацудæй, еуварс лæудтæй æма уордигæй кастæй. Уомæй æй, æвæдзи, балæдæрун æнгъезуй… Нæкæси, Георгий абони косуй Беслæни сæйгæдони реаниматологæй.

– Еци фудбæлахи ка бахаудтæй æма ма си уодæгасæй ка райервазтæй, уонæн нур сæхе ихæс æй адæми гъæуай кæнун, багъæуаги ба сæ ервæзун кæнун, – загъта Георгий Ильин.

***ГИБИЗТИ Регинæ***

***КЪАРТИ: 1. Италийаг скульптор Ренцо Вандий конд скульптурæ «Æгуппæг гъæр», æвæрд æй Италий сахар Сан-Мариной. 2. Нур ба еци скульптури халдех еума скульптурæ «Беслæни гъæр» æвæрд æрцудæй Беслæни фиццаг скъолай тургъи. Уой игон кæнуни мадзали архайдтонцæ италийаг иуазгутæ Моника Морони, Ренцо Ванди, Мауро Мураджа (рахесæрдигæй) æма Рахесфарси райони сæргълæууæг Фрати Сослан.***

***Мамсурати Хаджи-Умар, инæлар-болкъон, Советон Цæдеси Бæгъатæр: «Нæ намусгин хъæйтарти сорæттæ, сæ лæгдзийнадæ – хъæбæр хуарз æрмæг æнцæ ирæзгæ фæсевæди, нæ адæми тугъдон, советон адæми революцион æма Æфсади фæткитæбæл гъомбæл кæнунæн. Советон Цæдеси хъæйтари ном ка райста, тугъдон хуæрзеугутæ кæмæн равардтонцæ, еци адæми туххæй уотид очерктæ***



Ладо ДАВЫДОВ

# «МÆ ФИДТÆЛТИ ЦИТГИЙНАГ МÆНÆН ДÆР ЦИТГИЙНАГ ÆЙ...»

### Æ ЛÆГДЗИЙНАДÆН ИН УСТУР АРГЪ ИСКОДТОНЦÆ

Куддæр рабон æй, уотæ фестæг денгизонти нихмæ знаг æмпурсун байдæдта дууæ фестæг дивизиемæй, сæ хæццæ ба ма берæ танкитæ, уотемæй. Инсæй хатти сæ фæстæмæ фæлледзæги кодтонцæ мах тугъдонтæ. Уæд знаг æмпурсун байдæдта æртæрдигæй – денгизæй, уæларвæй æма сорзæнхæбæл. Десантти гъуддаг хуарз нæбал адтæй: сæ еуетæ билгæрон рауæнти байзадæнцæ, иннетæ ба дони бацудæнцæ, уотемæй фæттох кодтонцæ æртæ боней дæргъи.

Еци тохи, куд иннæ десантонтæ, уотæ устур лæгдзийнадæ равдиста Ладо Давыдов дæр. Уой туххæй æй исхуарзæнхæ кæнуни бацæттæгонд гæгъæдий финст адтæй: «1943 анзи 1 ноябри Ладо Давыдов адтæй Керчи æрдæгсакъадахи десантти хæццæ. Уоми дæр равдиста лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ. Е адтæй, знаги федар ка барæмугъта æма Камыш-Бурун ка байахæста, уони хæццæ…»

Советон æфсæддонтæ еци тугъдтити кæд устур бæгъатæрдзийнадæ равдистонцæ, уæддæр, знаги тухтæ зингæ фулдæр ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ сæ багъудæй «Устур зæнхæмæ» рацæун.

Еци рæстæг Ладо уæззау сæйгæ фæцæй, æма 'й рарвистонцæ Сочимæ сæйгæдонæмæ. Ку исдзæбæх æй, уæд æрвист æрцудæй сахар Великие Лукимæ, уоми инæлар-майор Кучерявенко командæгæнæг кæмæн адтæй, еци 306-аг æхсæг дивизий 210 сæрмагонд ротæмæ. Æма уой рæнгъити Ладо фæццудæй сауæнгæ Кенигсберги уæнгæ.

Уæлдæр ке кой кодтан, еци дивизи 1944 анзи 22 июли бахъæрттæй цæугæдон Нигулæн Двинамæ. Фал син уоми æ сæрти бахезуни фадуат нæ адтæй – знаг уой размæ хед басугътонцæ. Уæд командæгæнæг байагурдта, барвæндонæй тъасхæгæнæгæй рандæунбæл арази ка адтæй, уæхæн æфсæддонти: иссерун гъудæй, цæугæдони сæрти танкитæ кæми бахизтайуонцæ, уæхæн рауæн. Уомæй уæлдай ма исамал кæнун гъудæй, знаги уавæртæ æма гæнæнтæ бæлвурдæй ка радзурдтайдæ, уæхæн «æвзаг» дæр фæййамал кæнун. Æфсæддонти рæнгъитæй фиццæгти хæццæ размæ рацудæй Ладо дæр. Æ документтæ равардта парторгмæ, æма е 'мбæлтти хæццæ ранæхстæр æй æ тæссаг «балций» – сæ дзаумæуттæ раластонцæ, автомат æма гранæттæ исæвардтонцæ минкъий бæлæгъи æма сосæггай банакæ кодтонцæ, знаг æхе кæми æрфедар кодта, еци билгæрони 'рдæмæ.

Билгæронмæ бахъæртгæй, Ладо си танкитæн бацæуни аккаг бунат ку не 'ссирдта, уæд билгæронмæ рахизтæй æма æ цуд исаразта, билгæронæй минкъий дæлдæр ци гъæдæ зиндтæй, уомæ. Уордигæй æнай-æнойти æ размæ рауадæнцæ цалдæр лæги. Етæ адтæнцæ поселок Шарапиной цæрæг адæм, гъæди сæхе римахстонцæ немуцæй. Етæ Ладойæн рахабæрттæ кодтонцæ, уæдта ма ин загътонцæ, немуц колхози бæхдонæбæл арт бафтаунмæ ке гъавунцæ, уой. Ладо багъузтæй гъæугæронмæ æма æнгъæлмæ кæсун райдæдта. Уæдмæ гъæунги фæззиндтæй къуар фашисти. Етæ æд æхседарф бараст æнцæ бæхдонæмæ, уоми ба медæгæй адтæй колхози бæхти æргъау. Цалинмæ Давыдов рагъуди-багъуди кодта, уæдмæ ма имæ æрбахъæрттæнцæ æ къуарæй дууемæй. Куддæр немуц æрбахæстæг æнцæ бæхдонæмæ, уотæ сæ нæ тъасхæгæнгутæ автоматтæй æхсун байдæдтонцæ. Фашисттæ уайтæккæдæр фæстæмæ ледзунмæ фæцæнцæ. Нæ тъасхæгæнгутæй еу, Милгородский берæ фæгъгъавта фашистти командирмæ, уæдта 'й фехста. Фашист æрхаудтæй, æ уæрагмæ фæллæбурдта, уотемæй. Æсгаргутæ æ размæ бурдæнцæ æхсгæ-æхсун. Немуцæгтæ гъæуæй фæуурдуг æнцæ. Дæс æма инсæй ба си мæрдон хустæй хусгæ байзадæнцæ поселокки гъæунгти. Фашистти къуари командири (Милгородский ке фехста, уой), еци цæфтæй сæ хæццæ ракодтонцæ. Е адтæй Ладо æма е 'мбæлтти дæс æма дууинсæймаг «æвзаг».

Тъасхæгæнгутæ сæ реуидзаг нæма исуолæфтæнцæ, уотемæй сæ нихмæ 'рбампурсунцæ немуци танкитæ æма хуæдтолгитæ. Разæй – рæуæг хуæдтолгæ. Ладо æма Дамсков надæн æ еуæрдигæй нихъхъан æнцæ, Милгородский ба – иннердигæй. Рæуæг хуæдтолгæ ку 'рбахæстæг æй, уæд Ладо фестадæй æма ибæл багæлста гранатти баст, фал нæ фæррæстмæ 'й, гранаттæ хуæдтолги сæрти батахтæнцæ. Уæд тъасхæгæнæг фелваста гранатти нæуæг баст æма 'й фехста хуæдтолги раззаг цæлхити тæккæ бунмæ. Хуæдтолгæ иссугъдæй. Ладо имæ батахтæй, кæд ма æ къохи «æвзаг» бафтуйидæ, зæгъгæ, фал шофер дæр æма æ фарсмæ ка бадтæй, еци афицер дæр адтæнцæ мард. Афицери рæбун Ладо рауидта царгин хизин æма сейф. Фæллæбурдта сæмæ æма сæ губур-губурæй раскъафта е 'мбæлттæмæ. Немуцæгтæ 'й рауидтонцæ æма 'й райдæдтонцæ дзармадзантæй æхсун. Еу нæмуг фехалдæй æ тæккæ рази æма Ладо нецибал балæдæрдтæй. Е 'мбæлттæ 'й сæ къохти рахастонцæ æма 'й æрбахъæртун кодтонцæ цæугæдони сæрти нæхеуæнттæмæ.

Ладо æхе 'рлæдæрдтæй дууæ къуæрей фæсте. Æма фиццаг ци фегъуста, е адтæй, 43-аг æфсади командæгæнæг, гвардий инæлар-лейтенант Белобородов æма Тугъдон Совети иуонг инæлар-майор Шабалов 1-аг Прибалтикон фронти командæкæнуйнадæмæ ке балæвардтонцæ курдиадæ, цæмæй Давыдов Ладойæн лæвæрд æрцæуа Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

### БÆГЪАТÆРÆН – БÆРЗОНД КАДÆ ÆМА НАМУС!..

Ладо ци дзæкъолæ æма сейф рахаста знаги содзгæ хуæдтолгæй, уоми разиндтæй хъæбæр ахсгиаг гæгъæдитæ. Зæгъун æнгъезуй, Ладо æма е 'мбæлтти бæгъатæрдзийнадæй еци гæгъæдитæ мах командæкæнуйнади къохи ке бафтудæнцæ, уой фæрци идарддæр тугъдтити мæлæтæй фæййервазтæнцæ сæдæгай советон æфсæддонтæ æма афицертæ.

Æнхæст нæма исдзæбæх æй, уотемæй æрæздахтæй Ладо æ тугъдон хаймæ. Æ хуарзæнхити туххæй гæгъæдити фæззиндтæй уæхæн финст: «Æмбал Давыдов нæуæгæй ами æй. Раздæри хузæн æй æвæллайгæ, сæрæн, æ хъаурæ, æ зунд не 'вгъау кæнуй нæ сæребари гъуддагæн. Еци бæгъатæр, фæлтæрд, тухгин тъасхæгæнæги ном хуарз зонунцæ æнæгъæнæ тугъдон хайии дæр...»

Цалдæр боней фæсте Ладо æсгаргути къуари хæццæ бабæй рандæй, знаги тугъдон тухтæ цæйбæрцæ æма кæми 'нцæ, уой исбæрæг кæнунмæ. Еци ихæс исæнхæст кæнун адтæй хъæбæр ахсгиаг гъуддаг. Уомæн æвдесæн æй е дæр, æма 1-аг Прибалтикон фронти æфсæдти генералон нимпурсти размæ Ладо æма е 'мбæлттæ сæ ихæс куд исæнхæст кодтонцæ, уой туххæй бакæсæн ес «Советон Цæдеси Устур Фидибæстон тугъди (1941-1945 æнзти) историй» цуппæрæймаг томи 169-аг фарсбæл.

Уой фæсте Ладо ци дивизий службæ кодта, е архайдта, фашисттæн сахар Витебски ци æфсæддон къуæрттæ адтæй, уони дæрæн кæнуни тугъдтити. Ладо хуарз бадардта æ зæрдæбæл, еци тугъдтити рæстæг сахар Лепелмæ хæстæг цитæ цудæй, уой. Уæлдайдæр ба сæ гъæддагдзийнадæ бæлвурдæй кæми разиндтæй, уæхæн цаутæ. Уæд фашистти сидзмудзи ледзун фæстæмæ багъудæй æма сæмæ сæхе тугъдонтæй цæфтæ кадæриддæр адтæй, уони сæхуæдтæ ниццагътонцæ.

Лепел Советон Æфсад ку иссæребарæ кодта, уæд нæ тъасхæгæнгути къуар – адтæй си финддæс æма инсæй æфсæддони – æрвист æрцудæй цæугæдон Березинæмæ. Уоми кæмидæр римæхст рауæни, дан, æрбунат кодта немуцаг танкити еугонд, гъудæй сæ иссерун, æма, кæми 'нцæ, еци координаттæ нæхеуæнттæмæ фегъосун кæнун, цæмæй сæ нæ хуæдтæхгутæ искунæг кодтайуонцæ.

Березини билгæрæнтти советон тъасхæгæнгутæ æнæнгъæлæги исцурæвæрæ 'нцæ знагбæл. Байдæдтонцæ сæ æхсун, тъасхæгæнгутæй дууæ фæммард æнцæ, дууæ ба фæццæф æнцæ. Нæ тъасхæгæнгутæ галеуæрдæмæ цæугæдони сæрти бахизтæнцæ æма уоми исæмбалдæнцæ польшаг партизантæбæл. Етæ син равардтонцæ хуæруйнаг, тамаку æма син байамудтонцæ, танкитæ кæми римæхст æнцæ, уой.

Æдæхсæвæ-æдæбонæ гъæуай кодтонцæ тъасхæгæнгутæ, цума ци фæндæ искодтонцæ фашисттæ, зæгъгæ. Размæ ци дууæ тъасхæгæнæги рарвистонцæ, уони æрæстæфтæнцæ немуц æма сæ райдæдтонцæ æхсун. Немуц фæттарстæнцæ, нæ танкити римæхст рауæн нин базудтонцæ, зæгъгæ, æма фесхъæтæг æнцæ, æндæр рауæнмæ сæ раййевунмæ гъавтонцæ.

Уой балæдæргæй, тъасхæгæнгути командир, майор Кривошеин унаффæ рахаста, цæмæй не 'фсæдти разамунддæтгутæй кæмæн гъудæй, уонæн фегъосун кæнонцæ æма нæ авиаци бомбитæ калун байдайа знаги римæхсæнтæбæл – е ба ма уой амудта, æма уæд бомбитæ хаудзæнæнцæ нæ тъасхæгæнгутæбæл сæхебæл дæр. Нæ тъасхæгæнгутæ 'й куд нæ лæдæрдтæнцæ сæхуæдтæ дæр, гæнæн ес æма фæммард уодзæнæнцæ. Фал сæ нифс федар адтæй – немуци танкитæн ба рауадзæн нецихузи ес. Уайтæккæдæр нæ хуæдтæхгутæ фæззиндтæнцæ. Фашистон танкитæй еу дæр нæбал райервазтæй... Хуарз æма не 'сгаргутæбæл неци бæлах æрцудæй, фæййервазтæнцæ...

Уæдмæ æрбахъæрттæй Ладо Давыдови царди тæккæ цийнагдæр бон. Е адтæй 1944 анзи 17 август. Ладомæ фæддздзурдтонцæ, фронтæй æй ракодтонцæ æма сахар Вильнюсмæ хæстæг 1-аг Прибалтиаг фронти командæгæнæг, æфсади инæлар И.Х. Баграмян Ладой реубæл бакодта Советон Цæдеси Бæгъатæри Сугъзæрийнæ Стъалу æма Ленини орден.

Уæлахези бон Ладой æрæййафта сахар Риги госпитæли. Уордæмæ бахаудтæй, Кенигсберги рæбун тугъдтити уæззау цæф ке фæцæй, уой фудæй.

Еци хабар ба уотæ рауадæй. Тъасхæгæнгути минкъий къуарæн байхæс кодтонцæ «æвзаг» исамал кæнун. Етæ багъузтæнцæ, немуц кæми адтæнцæ, уордæмæ. Исхизтæнцæ еу æрдæгихæлд хæдзари дуккаг уæладзугмæ æма райдæдтонцæ æнгъæлмæ кæсун. Уалинмæ бекъи ауæонæй фæззиндтæй еу немуцаг афицер. Ладо исфæндæ кодта уой æрахæссун æма уой зæрдтæй ибæл еци уæладзугæй æхе рагæлста. Афицер æй рауидта æма æ фуртæссæй æхе еуварс рагæлста. Ладо æй нæбал раргъавта æма зæнхæбæл æрхаудтæй, æ галеу цонг басастæй. Немуцаг ба, æхе ку фæййеуварс кодта, уæд хæдзари фарсбæл æ сæр ниццавта æма зæнхæбæл æ тъæпп бæргæ фæццудæй, фал уæддæр исарæхстæй æ дамбаца фелвасун æма си Ладой багæрах кæнунмæ.

***(Кæрон. Райдайæн 32-аг номери.)***

**Астинсæй анзей размæ (1944 анзи 6 сентябри) 3-аг Прибалтийаг фронти æфсæдтæ æнтæстгинæй æнхæстгонд фæцæнцæ Тартусаг размæмпурсæн тугъдон операци (райдæдта еци анзи 10 августи).**

*финсун фагæ сæйраг ихæс нæй. Уони гъуддæгутæ ’нцæ æвдесæн нæ адæми федардзийнадæ æма лæгдзийнадæн, Уæлахезмæ тундзгæй куд нæ басастæй æ хъаурæ, уой æвдесæнтæ. Хестæрти дæнцæ æригæнтти зæрдити гъæуама пеллон кæна Райгурæн бæстæ рæстзæрдæй уарзуни æма ибæл æновуд уни æнæнидæнгæнгæ артдзæстæй...»*



Ладойæн фæццæф æй æ зæнгæ, немуцаг ба имæ нæуæгæй багъавта, фал уæдмæ Милгородский немуцаги ниццавта автоматæй æма е бæргæ фæддæлгоммæ æй, фал уæддæр æ дамбаца не ’суагъта æма си Милгородскийи цалдæр æхсти фæккодта. Утемæй фæммард æй нæ еци бæгъатæр тъасхæгæнæг, Ладой хуæздæр æмбæлттæй еу. Милгородскийæн некебал байзадæй, æ бийнонти ин Украини фехстонцæ фашисттæ, æхе цардвæндаг ба ин ами, Литвай зæнхæбæл знаги нæмуг фескъудта…

Ладо фæстугъд, 1945 анзи уалдзæги æрцардæй Мæскуй, бакодта бийнонти гъуддаг. Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте ахур кæнунмæ бæргæ бацудæй Рыбински танкон училищемæ, фал си ахури гъуддагæй неци рауадæй – хъор æй кодта, æ зæрди бунмæ ци нæмуг байзадæй, е, уæдта ’й æ зæнги цæф дæр гъигæ дардта.

Газет «Витебски косæг»-и 1971 анзи сентябри мæ уац «Уазал дони медæгæ» ку фæззиндтæй, уæд Ладо райста дууæ финстæги. Сæ еуей имæ ниффинстонцæ Белоруссий Бешенкевичи районы Райевски скъолай нæуæгдзаутæ, инней ба – гъæу Шарапиной цæрæг Анатолий Андрейи фурт Лаппо.

Нæуæгдзаутæ финстонцæ:

«Дæ бонтæ хуарз, Ладо Шириншаевич! Финсунцæ дæмæ Бешенкевичи районы Раевски астæуккаг скъолай ахурдзаутæ. Не скъолай ес «фæдагоргути къуар». Æрæги мах адтан Шарапиной. Уоми базудтан дæу тухххæй. Шарапиной цæргути æма не скъолай ахурдзаути номæй дæ хонæн Шарапиномæ дæр æма не скъоламæ дæр. Хъæбæр æхцæуæнæй дæбæл исæмбæлдзинан.

Нæуæгдзауон саламти хæццæ…»

Иннæ финстæги бæ уотæ финст адтæй: «Хъæзар Ладо Шириншаевич! Финсунцæ дæмæ гъæу Шарапиной цæргутæ. Мах зонæн дæ бæгъатæрдзийнади хабæрттæ æма сæ некæд феронх кæндзинан. Нæ гъæу тугъди рæстæги сугъд æрцудæй, айдагъдæр ма си байзадæй æртæ хæдзари, æма ду ке багъæуай кодтай, еци бæхдонæ. Гъæу нæуæгæй исаразтан, цæрæн дзæбæх. Хъæбæр хуарз уидæ, ку нæмæ æрцæуисæ, æма знæгти нихмæ кæми тох кодтай, еци бунæттæ ку фæууинисæ…»

Зæрдхæлар адæймаг уогæй, Ладо куд нæ исæнхæст кодтайдæ уæхæн курдиæдтæ. Æма мæнæ мах лæууæн цæугæдон Нигулæн Двинай бæрзонд билгæрон, кæддæр Давыдов уой æндаг фарсмæ кæбæлти бахизтæй, раст тæккæ еци рауæн. Ладо кастæй цæугæдони сæрти идард кумæдæр. Уотæ еуцæйбæрцæдæр ралæудтæй, уæдта рараст æй урдугмæ, ниццудæй цæугæдонæн æхе размæ, исиста си дон æ армидзаг æма ’й раниуазта. Уæдта нæмæ фæстæмæ исæздахтæй, æ цæстисугтæ сæумон æртæхи хузæн æрттивтонцæ æ тъæфæлттæбæл. Нæ цæститæ бауомæл æнцæ махæн дæр…

Уой фæсте уордигон колхози сæрдар М.П.Бердник, парторг Н.Н.Кухто, бригадир А.А.Лаппо (Ладой фусун), Ладо æма ма никкидæр еуцалдæремæй рандæ ан, тугъди рæстæги аци рауæнти карз тугъдтити ка фæммард æй, еци советон æфсæддонти Æнсувæрон цирт бабæрæг кæнунмæ – Шарапинойæй еуцалдæр километри идарддæр, гъæу Саникимæ хæстæг. Аци Æнсувæрон цирти æвæрд æрцудæнцæ авд æма дууинсæй советон æфсæддони æма афицери. Æ размæ бацæуæни – æртæ цирти: Советон Цæдеси Бæгъатæртæ А.Д.Веснини, Г.Я.Янтимирови æма А.Т.Масликови цирттитæ. Ладо хæстæг бацудæй циртдзæвæнмæ æма кæсуй, ци муггæгтæ ибæл финст адтæй, уони: Артамонов... Аврамов... Анипко… Геловани… Ладо фестъæлфтæй.

– Ка ’й?.. Зудтай æй? – зæгъгæ ’й рафарстан.

– Нæ… Уингæ дæр æй некæд фæккодтон… Фал æз райгурдтæн Орджоникидзей, Мирза Геловани ба гурдзиаг поэт адтæй. Æз ин хуарз зудтон е ’мдзæвгитæ…

Дуккаг бон кæд хъæбæр уардта, уæддæр скъоламæ æрæмбурд æй алæмæти берæ адæм. Уони фæндадтæй, сæ гъæу син немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнунбæл уотæ бæгъатæрæй ка тох кодта, еци сæрæнигурди фæууинун.

Æмбурд байгон кодта скъолай директор З.К.Богданова. Ладойæн дзурди барæ еугурей разæй равардта, адæм имæ хъæбæр лæмбунæг æма цæмæдесæй игъустонцæ, е син æ тугъдон хæбæртти тухххæй, е ’мтохгæнæг æмбæлтти тухххæй ку дзурдта, сæ берæ фарстатæн син бæлвурд дзуæппитæ ку лæвардта, уæд.

Митинги фæсте бабæрæг кодтан скъолай музей. Уоми ци берæ экспонаттæ адтæй, уони ’хсæн мах фæууидтан гурдзиаг поэт, хестæр лейтенант Гелований цард æма тугъдон нади тухххæй æрмæгутæ. Уоми адтæй æ къарæ дæр – уордигæй нæмæ хæларзæрдæ æма бæгъатæр гурдзиаг лæхъуæн лæмбунæг, сагъæсхузæй кастæй…

– Кæд æй комкоммæ, гъулæггагæн, некæд фæууидтон, уæддæр е ’мдзæвгитæ кæсгæй æй раст уæртæ уæхæнæй уидтон, – арф ниуулæфгæй, загъта Ладо…

Мæскумæ ку æрæздахтан, уæд Ладо сæхемæ æрæййафта берæ аллихузон финстæгутæ. Финстонцæ бæгъатæр тугъдонмæ аллирауæнтæй: Вильнюсæй, Конотопæй, Минскæй, Орджоникидзейæй, Новосибирскæй… Еуетæ си æргъудтонцæ æ къарæ, иннетæ – æ тугъдон цард æма нæдти тухххæй æрмæг… Сахар Конотопæй ин ецирдигон клуб «Патриот-интернационалист»-и иуонгтæ игъосун кодтонцæ, сæ клуби кадгин иуонгæй æй ке исæвзурстонцæ, уой. Иннæ финстæг ба имæ ассирийаг гъæу Урмийайæй æрбацудæй, æма уоми дæр цийни хабар – аци гъæуи цæргутæ имæ сæрустурæй финсунцæ, сæ гъæуи кадгин гражданинæй æй ке исæвзурстонцæ, уой тухххæй.

***Константин МАТВЕЕВ***



**Мæскуй Пятницкийи уæлмæрдти ДАВЫДОВ Ладой циртбæл циртдзæвæн.**

**РЕДАКЦИЙÆЙ.** Советон Цæдеси Бæгъатæр Давыдов Ладой тухххæй аци æрмæг Константин Матвеев ниффинста, не ’мзæнхон æхсаргин тугъдон цардæгас ма ку адтæй, уæд. Уомæ гæсгæ ба ма нæ æ радзубандимæ бафтаун фæндуй Ладой цардвæндаги хабæрттæй кæцити кой не ’скодта, уæдта бæгъатæрæн æ фæсмæрдæ дæр æ рохс ном куд цитгингонд цæуй, уой тухххæй.

Зундгонд куд æй, утемæй Давыдов Ладо фæстугъд æрцардæй Мæскуй. Еуæй-еу æрмæгути куд амунд цæуй, утемæй, дан, куста мастерæй къахидарæсгæнæн завод «Еугонд фæллойнæ»-йи. Кустуати разамунд æй æ арæхстгин кустмæ гæсгæ цал æма цал хатти гъавтонцæ бригадирæй исписан кæнун, фал син нæ арази кодта – зæрдтагондæр ин адтæй хумæтæг косæгæй адæми ’хсæн архайун. Нæкæси, куд уруссаг, уотæ хъæбæр хуарз дзурдта гурдзиаг, сомехаг æвзæгтæбæл, саумæнгæ ма рагон ассирийаг æвзагихатбæл дæр. Уомæ гæсгæ ин æнцон адтæй алли адæмихæттити хæццæ хæлар рахастдзийнадтæ аразун.

Уæдмæ уотæ рауадæй, æма Мæскуй Ярославаг æфсæннади вагзали рази фæзи ниввардта къахидарæс цалцæггæнæн гъæдæйконд будкæ. Æма адæмæн айдагъ сæ къахидарæс цалцæг æма кæдзос нæ кодта, фал ма багъæуаги син фæййагъаз кæнидæ берæ æндæр гъуддæгути дæр: ралистæг кæнидæ æхца адгин дон автоматæй баниуазунæн, кенæ телефонæй бадзорунæн, æнæфæразгæ адæймаг ку рауинидæ, уæд бадзоридæ «Тагъд агъази» станцæмæ, фæстугъд ка исберæ ’й, еци æвæгæсæг сабийти фæххинцидæ тæвдæ губæрттæй, æ ниййергутæй ка радзæгъæл уидæ, еци сабийи бахонидæ вагзали дикторæмæ æма радиойæй фегъосун кæнидæ хабар… Уогæ цæмæй ба нæ фæййагъаз кæнидæ, тухст уавæри ка бахауидæ, уонæн…

Ахид æй рабæрæг кæниуонцæ æ тугъдон æмбæлттæ, кадæртæ си бæрзонд хецауеуæггæнгутæ иссæнцæ, æма ’й сæхемæ худтонцæ, сæ загъдмæ гæсгæ, аккагдæр бунати косунмæ. Фал син нæ арази кодта, æ загъд уидæ: «Мæ фиди фидæ, мæ фидæ цалцæг кодтонцæ, кæдзос кодтонцæ къахидарæс. Æма уонæн цитгийнаг ка адтæй, е мæнæн дæр цитгийнаг куд гъæуама нæ уа!..»

Кæддæр ба имæ Гъæуайкæнуйнади политуправлений афицертæ фæззиндтæнцæ æма ин уайдзæфтæ кæнун байдæдтонцæ, гъома, дæ аци кустæй цæмæн ходуйнаг кæнис Бæгъатæри бæрзонд ном. Е син уæхæн дзуапп равардта, æма еци «уайдзæфгæнгутæ» уайтæккæдæр фæддунд æнцæ.

Мадта утæ дæр уидæ, æма æ къахидарæс кæдзос кæнунмæ ка æрбадидæ, уонæй беретæ, е Советон Цæдеси Бæгъатæр æй, зæгъгæ, ку базонидæ, уæд уайтæккæ фæггæпп кæнидæ: «Ка дæн æз, цæмæй мин мæ къахидарæс Советон Цæдеси Бæгъатæр кæдзос кæнæ!..»

Адæм, гъулæггагæн, æмхузон лæдæргæ нæ ’нцæ. Æма разиндтæй, уæхæн зæрдхæлар адæймагмæ æ къох ка исиста, уæхæн цъамаг. Цæветтонгæ, Ладо 1985 анзи фæскуст сæхемæ куд æздахтæй, утемæй лифтмæ æ фæдбæл æрбагæпп кодта еу бæзæрхуг лæхъуæн. Лифт куддæр фæннæхстæр æй, уотæ æхе ниццавта Ладобæл, æ пиджакбæл ке даридæ, еци Сугъзæрийнæ Стъалу ин ратудта. Каргун лæги бон ци адтæй, уæд ибæл цудæй еу æма æртинсæймаг анз, уой хæццæ ба ма ’й хъæбæр хъор кодта тугъдæй æ реци ци фат байзадæй, е. Æверхъау хабар, фал ин уæддæр еуемæй ба фæййагъаз æй – сæйгæдонæмæ бахаугæй ибæл дохтиртæ хъæбæр байауодудтонцæ, сæйргардæр сæ бон иссæй еци фат дæр рандæ кæнун.

Сæйгæдонæй рацæугæй, Ладо бабæй æ кустмæ раздахтæй… Фæккуста си æ рамæлæти уæнгæ – æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1987 анзи 30 июли, е ’носон бунат иссæй Мæскуй Пятницкийи уæлмæрдтæ.

* * *

Советон Цæдеси Бæгъатæр Давыдов Ладо Шириншай фурти рохс ном, æ тугъдон æскъуæлхтдзийнадтæ, æ цардвæндаги арфиаг гъуддæгутæ æ фæсмæрдæ дæр иронх нæ ’нцæ дзиллæй, цитгингонд цæунцæ. Уомæн æвдесæн – Краснодари крайи Курганинаг районы гъæу Урмийай цæргутæ ин исаккаг кодтонцæ сæ гъæуи Кадгин гражданини ном. Цитгингонд цæуй æ райгурæн Иристони дæр. Зæгъæн, Дзæуæгигъæуи 6-аг астæуккаг скъола хæссуй Советон Цæдеси Бæгъатæр Давыдов Ладой ном, аци ахургæнæндони азгъунсти фарсбæл ин æвæрд æрцудæй мемориалон мраморон фæйнæг.




**Советон Цæдеси Бæгъатæр Давыдов Ладой номхæссæг дзæуæгигъæуккаг 6-аг астæуккаг скъолай ахурдзаути къуар æхсаргин тугъдони кадæн номерæн мадзали рæстæг.**

**Нæ Фидибæсти Тугъдон-Денгизон флоти номдзуд балхон, Устур Фидибæстон тугъди архайæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр Къесати Николайи фурт Астани райгурдбæл 11 сентябри æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1914-1977).**

*Иристон Уæрæсей хæццæ байеу кæнуни 250 анзей æма Цæгат Иристони автономий 100 анзей кадæн Мæскуй Останкини телемæсугбæл 7 сентябрæй ба 17 октябри уæнгæ фæйлаудзæнæнцæ нæ национ турусай уорс, сурх æма бор хуз- тæ. Зæлдзæнæй си нæ национ музыкалон уадзимистæ. Аци рауæн никкидæр ма арæзт æрцæудзæнæнцæ нæ бæрæгбæнтти цитгингæнæн аллихузон мадзæлттæ.*

ЦÆГАТ ИРИСТОНИ АВТОНОМИЙ СÆДÆ АНЗЕЙ БÆРÆГБОНИ КАДÆН.

# УОДИКОНДÆЙ – ЛÆГИГЪÆДГУН, ЗÆРДИХАТТÆЙ – РÆДАУ...

## ГУРДЗИБЕТИ ЛАЛО – ЗИНГЗÆРДÆ РЕВОЛЮЦИОНЕР ÆМА ДИГОРИ РАЙОНИ ФИЦЦАГ СОВЕТОН МИЛИЦИ ФИЦЦАГ ХЕЦАУ


ГУРДЗИБЕТИ Лало милици косæги ардбахуæрд есуни рæстæг.

Гурдзибети Хацамай фурт Лало райгурдæй 1884 анзи Дигоргоми Хæнæзи гъæуи. Æ ниййергути бон хъæбæр зинтæй бацæй сæ биццеуæн райдайæн ахурадæ раттун. Уæдмæ, 1905 анзи тогниккалди цаутæ Петербургæй исигъустæнцæ Цæгат Иристонмæ дæр, уой хæццæ ба Лало ци изол хуæнхаг гъæуи цардæй, уордæмæ дæр. Куд Иристони еугур гъæути, уотæ уоми дæр æрлæдæрдтæнцæ революци сæ ке исуæгъдæ кæндзæнæй хуæдбарæ паддзахеуæгадæй, сæ царди уавæртæ ке фенцондæр æма фæххуæздæр уодзæнæнцæ, æма уавæр фæккарздæр æй.

Еци æнзти Гурдзибей – фурт активонæй архайдта адæмон змæлди, æдтохæнгарз исистади хуæдбарæ паддзахи минæвæртти нихмæ. Куд революцион цаути активон архайæг æма пропагандист дзиллити ’хсæн революцион идейитæ итауæг, уотæ, æ фиди хæццæ хъадамати æрвист æрцудæнцæ уазал Сибирмæ. Уоми фæцæй æнæгъæнæ фараст анзи. Æ фидæ нæ бафæразта зин уавæртæн æма æ цардæй рахецæн æй. Еци æрвисти рæстæг Лало иссæй æцæг профессионалон революционер – сосæг архайæг. Æ уодигъæдæ æма нифс фæффедардæр æнцæ. 1916 анзи Гурдзибети Лало исæздахтæй Сибирæй. Еци рæстæг карз ке адтæй, революцион змæлд æ тæмæни ке бацудæй, уой лæдæргæй, æ хæццæ исласта тохæнгæрзтæ æма сæ байурста революцион тæвагæй ка фегъæстæ ’й, еци Уорсдони цæргути ’хсæн.

1917 анзи Гурдзибети Лало бацудæй революцион-демократон парти «Кермен»-и рæнгъитæмæ. Еци парти активонæй архайдта алли революцион змæлди гъуддæгути. Гурдзибей-фурт фиццæгти хæццæ исаразта партион киртæ Дигори райони гъæутæ Хъарман-Синдзигъæу æма Къора-Уорсдони. Хъарман – Синдзигъæуи ба ма арæзт æрцудæй революций идейитæ æхемæ хæстæг ка райста, еци лæгтæй сæрмагонд къуар, разамунд ин лæвардта Гурдзибети Лало æхуæдæг.

1917 анзи Терки революцион змæлд æ тæмæни уотæ карзæй бацудæй, зæгъæн ес, æма дзиллитæн сæ фулдæр хай æ фарс рахуæстæй, æма еци фæззиндтæй фæттæрсгæй, Уæрæсей Рæстæгмæ хецауадæ уордæмæ рарвиста дæрæнгæнæг къуæрттæ, уони рæнгъити адтæнцæ æдтохæнгарз салдæттæ æма хъазахъæгтæ. Еци знаггадæхæссæг къуæрттæ сæ над исаразтонцæ Цæгат Иристони гъæутæмæ, цæмæй син «федар æгъдау» исæвæронцæ, еци нисани хæццæ. Дæлболкъон Ляхови лæгмартæ бацудæнцæ Киристонгъæумæ æма Хъарман-Синдзигъæумæ. Уоми райдæдтонцæ цæгъдун Цæгат Иристони революцион змæлди архайгути. Гъай-гъай, Гурдзибети хæдзарæбæл нæ райевгъудæнцæ. Нимад æрцудæнцæ зæнхкосгути змæлди фарсхуæцгутæбæл. Сæ хæдзарæ бунихæлд æрцудæй.

Большевиктæ-революционерти ’хсæнæй райгурдæнцæ искурдиадæгин агитатортæ, пропагандисттæ, бæгъатæр командиртæ æма комиссартæ, знаги нихмæ тохунмæ цæттæ кодтонцæ сæрмагонд тугъдон къуæрттæ. Уони нимæдзæмæ хаст æрцудæнцæ: Тогойти Данел, Рæмонти Хадзисмел, Къесати Кирилл, Зембатти Геуæрги, Беккузарти Солтан, Гурдзибети Лало, Абити Сандир, Бототи Гæмæт æма ма берæ æндæртæ. Тугъдон къуæртти командиртæ си иссæнцæ Гурдзибети Лало, Абити Сандир æма Бототи Гæмæт. 1918 анзи Цæгат Иристони сосæг куст кодтонцæ большевикон киртæ. Етæ рæвдзæ адтæнцæ, партий фæдздзурдмæ гæсгæ исистунмæ, куд тугъдон партизанти къуæрттæ.

Дигоргоми партизанти еугæндтæ цудæнцæ Деникини æфсæдтæ кæми æрбунат кодтонцæ, уордæмæ. Партизанти змæлдæн разамунд лæвардта Революцион тугъдон совет. Æ рæнгъити адтæнцæ уæди рæстæги зундгонд, æдæрсгæ, легендарон революционертæ – керменисттæ Гурдзибети Лало, Арсæгти Горга, Бетъоти Дигиса, кæцитæ уой фæсте разамунд лæвардтонцæ Дигори райони милицæн. Аци легендарон революционерти кадæ бунæттон цæргути ’хсæн адтæй бæрзонд.

Бунæттон æма æндагон контрреволюционерти нихмæ карз, лæгæвзарæн тохи рæстæг Гурдзибети Лало æхе бавдиста æцæг хъайтарæй. Уæхæн тугъдон операци нæ уидæ, кæцими ин архайгæ не ’рцæуидæ. Æдæрсгæй æхе гæлста размæ.

Гурдзибей-фурт æнхæст кодта большевикон партий тæккæ зиндæр æма ахсгиагдæр ихæслæвæрдтæ, уомæн ибæл æуууæнкæ адтæй. 1924 анзи ба, кадгин уавæри ардбахуæрди фæсте, нисангонд æрцудæй Дигори райони косгутæ æма зæнхкосгути милици сæргълæуууæгæй. Милици сæргълæууæг уогæй, æхуæдæг цудæй тæккæ тæссагдæр рауæнтæмæ. Еу æма дууæ хатти нæ фæййервазтæй мæлæтæй, фал уæддæр нæ фæттарстæй. Знаги нихмæ никки хъазауатондæрæй тох кодта.

Лалой уарзтонцæ хумæтæг адæм æ дессаги уодигъæди фæрци, знаг ба си æ уод иста, уомæн æма æгъатирæй тох кодта сæ нихмæ. Еци хъазауатон æнзти уагæвæрд ихалгутæ аллихузи знаггадæ миутæ аразтонцæ бунæттон паддзахеуæггади кусти, цæмæй фехæла советон цардиуагæ, мардтонцæ партион косгути, къуæрттæй давтонцæ адæми фонс æма мулк. Æма еци знаггадæхæсгутæн Гурдзибей-фурт лæвардта федар нихкъуæрд е ’мкосгути хæццæ.

Устур лæгдзийнадæ, бæгъатæрдзийнадæ ке æвдиста æ хъазауатон кусти, е æнæргъудийæй нæ байзадæй Иристони медгъуддæгути разамунд æма Терки республики адæмон комиссартæй, хуарзæнхæгонд цудæй цитгин хуæрзеугутæй.

Гурдзибети Лало, гъулæггагæн, æ цардæй рахецæн æй цардгъæуагæй – дууинсæй анзи дæр ибæл нæма цудæй, уотемæй, фал æ фæсте ба ниууагъта æцæг намус æма бæгъатæрдзийнадæ æвдесæн дæнцæнтæ, уонæбæл абони ахур кæнун гъæуй ирæзгæ фæлтæри.

***КЪОРНАТИ Кристинæ***


# РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆМБЕСÆН ÆЙ 368 СОМИ ÆМА 10 КЪАПЕККИ, ПЕНСИЕСГУТÆН БА – 324 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.




ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.



Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 1914**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 06.09.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 06.09.2024.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

## ЦАРДӔЙ АДӔМӔН ЦИРАГЪДАРӔЙ

Куд адӕймаг, уотӕ Хидирти Ехйяй туххӕн хъӕбӕр ӕнцон дзорӕн ӕй. Хуӕрзхумӕтӕг адтӕй царди медӕгӕ. Кӕд Мӕскуй паддзахадон университети тӕккӕ цитгиндӕр хайӕдтӕй – философон факультет - каст фӕцӕй ӕ рӕстӕги, кӕд имӕ бӕрзонд интеллектуалон зонундзийнӕдтӕ ӕгӕрон берӕ адтӕй, уӕддӕр ӕ реу некӕд хуаста: ӕз уӕхӕн ӕма уӕхӕн уӕлдӕр ахурадон уагдонӕ каст фӕттӕн, мӕнмӕ уойбӕрцӕ хуӕрзеугутӕ ӕма кадгин нӕмттӕ ес, зӕгъгӕ, нуриккон кедӕртау. Ести хуӕрзеуӕг, кенӕ грамотӕ райсуни оххайбӕл хецауади косӕнуӕтти дуӕрттӕ ӕ сиусӕртӕбӕл ка батонуй ӕма сӕмӕ лӕбурдтитӕ кӕнун ка райдайуй, уӕхӕнӕй дӕр ӕй нӕ фӕсмардтон. Мадта ес-нӕййесӕй дӕр ести хецауи бунат байахӕссунмӕ ӕ тӕлӕнтӕ ка хӕссуй, уӕхӕн бунатбӕл мард лӕгбӕл дӕр ӕй нӕ зудтон. Цӕмӕй хецауи бунат байахӕссай, уой туххӕй еске реубӕл дӕр ӕ къӕхтӕй нифсӕрунмӕ цӕттӕ ка 'й , уӕхӕнттӕй дӕр ӕ царди медӕги ӕ уодхӕссӕг уидта. Нуртӕкки ба, гъулӕггагӕн, нӕ разамонгутӕн сӕ фулдӕр уотемӕйти хецаугӕндтитӕ исунцӕ.

Нӕ, Ехйа ӕндӕр хузи тогӕй ӕнтӕст адтӕй. Е ӕ сӕрмӕ хӕсгӕ дӕр некӕд ӕркодта ӕма, баруагӕс уи уӕд, ӕхецӕн некӕд нецихузи исаккаг кодтайдӕ уӕхӕн куййӕмгадӕ миутӕ кӕнун, уомӕн ӕма имӕ алкӕддӕр бӕрзонд бунати ӕвӕрд адтӕй адӕймаг уоди рӕсогдзийнадӕ ӕма поэти кӕдзос ном. Еунӕг хатт дӕр некӕд рахизтӕй фӕснадмӕ ӕ равзурст надӕй, некӕд рацудӕй гадзирахаттӕй нӕдӕр ӕ Фидибӕстӕбӕл, нӕдӕр ӕ маддӕлон ӕвзагбӕл, нӕдӕр ба ескӕбӕл дӕр ӕма ӕхебӕл дӕр. Е дин ӕ фиццаг менеугутӕй еу. Уомӕ гӕсгӕ байзадӕй, ӕвӕдзи, адӕмӕн уотӕ уарзонӕй сӕ зӕрдити.

Иннердиги ба Ехйай туххӕн зин финсӕн ӕй, уӕлдайдӕр ба, ци исфӕлдистадон бунтӕ ниууагъта, уонӕбӕл. Ехйай ӕмдзӕвгитӕ фиццаг ӕркастӕй куд ӕнцон кӕсӕн ӕнцӕ, сӕ гъуди уотӕ уӕлӕнгай лӕдӕрӕн нӕй. Ӕцӕг поэзийӕн ӕнӕуинон ӕнцӕ ӕма адтӕнцӕ сор, ӕнӕ ести гъуди ӕма ӕнӕбундор рифмӕбид дзубандитӕ.

Литературӕ устур дессаги искондадӕ 'й. Ес си берӕ фӕллӕнӕнтӕ, цӕмӕй автори ном ӕностӕмӕ игъустгондӕй байзайа. Еунӕг роман, еунӕг пъесӕ, поэмӕ, кенӕ ӕмдзӕвгӕ хузӕнон ниффинсӕ ӕма дӕ ном литератури байзайдзӕнӕй. Хатгай ба ӕррӕстӕ дууӕ рӕнгъи дӕр фагӕ фӕуунцӕ, цӕмӕй адӕймаги ном исӕносон уа, уомӕн, гъулӕггагӕн, хъӕбӕр ахид уотӕ дӕр рауайуй ӕма поэтӕн ӕ уодӕгасӕй бантӕсй цалдӕр киунуги рауадзун, фал си киунугӕкӕсӕг ба ӕ зӕрдӕбӕл бадаруй кӕми еу ӕмдзӕвгӕ, кӕми ба цалдӕр рӕнгъи, кӕми ба ӕгириддӕр неци.

Хидирти Ехйай уадзимистӕбӕл ба адӕймаг ӕ цӕстӕ ку рахӕсуй, уӕд къӕппӕги бахауй, кӕци си тухгиндӕр ӕй, хуӕздӕрӕн си ке равзарон, зӕгъгӕ, уомӕн ӕма се 'гас дӕр ӕнцӕ еци еу бӕрзонд ӕмвӕзадӕбӕл нивӕнст.

Хаттӕй-хатт ба Ехйямӕ еунӕг дзурд ӕнӕгъӕнӕ цардӕгас нивӕ исуй: «Къелетӕг» «Фатӕууилд». Къотелӕгмӕ ци маргъ бафтуйуй, уомӕн ӕ цард цӕбӕрцӕбӕл ӕнадӕ исуй, уӕлдайдӕр ба арви цъӕхи уӕгъдебарӕй тӕхун ахур ка уа, уой уоди уавӕр ӕнцон балӕдӕрӕн ӕй еци еунӕг дзурдӕй дӕр. Мадта, автор, тугъди рӕстӕги ци устур зинтӕ ӕма гъезӕмӕрттӕ бавзурста нӕ райгурӕн зӕнхӕ, уобӕл дзоргӕй испайда кодта айдагъдӕр еунӕг рабарстӕй – «фатӕуу-илд» ӕма кӕсӕгӕн, еци дзурд бакӕсгӕй, лӕдӕрд фӕууй тугъди уӕззау уавӕр. Айдагъдӕр еунӕг дзурд, фал си цӕйбӕрцӕбӕл устур тухӕ ӕма уӕзӕ ес!

Литератури иннӕ жанртӕй игъаугидӕр, ӕмдзӕвгӕ хецӕн кӕнуй ӕ цубурдзийнадӕй. Гъуди ӕхст ӕрцӕфау гъӕуама уа цубур ӕма ӕлвӕст, гъудифтӕкъуӕрӕнау рас тӕма нисанбӕл ӕмбӕлгӕ, уотӕ ку нӕ уа, уӕдта уадзимис рахезуй уотид дзӕнгӕдамӕ, адӕймаги зӕрдӕ ӕма цӕститӕ фӕллайгӕ кӕмӕй кӕнунцӕ, гъудитӕбӕл ӕй ка не 'фтауй, уод цӕхӕр кӕмӕй нӕ фестуй, уӕхӕн ӕмдзӕвгӕ – прозӕмӕ.

Гъай-гъайдӕр, Хидири-фуртӕн ӕ устурдӕр ӕнтӕститӕ ӕнцӕ ӕ эпикон уадзимистӕ ӕма поэмитӕ, фал уони цори ӕ цубур ӕмдзӕвгити ахедундзийнадӕ минӕгдӕр нӕ кӕнуй. Поэт ӕ райдайӕнӕй ӕ царди фӕстаг бонти уӕнгӕ дӕр архайдта ӕхе хецӕн, бӕрӕг ка дардтайдӕ, уӕхӕн къахнад иссерунбӕл ӕма еци зинвӕндагбӕл цӕугӕ дӕр ракодта ӕнтӕстгин ӕма арӕхстгинӕй.

Поэт ӕ царди сӕйрагдӕр ихӕсбӕл, ӕ нисанбӕл нимайуй адӕми 'хсӕн кадӕрадӕй фӕццӕрун:

Ӕнгъудгӕнгӕй, хори цӕстӕ
Афонӕбӕл ӕз не 'сдӕн
Нӕма бафистон ме *хӕстӕ
Мӕ мадӕ 'ма нӕ бӕстӕн.

Ехх, ку уайдӕ цардбӕл тохи
Кадӕ-радӕй мӕ адзал.

Айдагъ «кадӕ-радӕй» - фӕццӕрун дессаг нӕбал кӕсуй лирикон бӕгъатӕрмӕ. Ӕцӕгӕй ӕ фидибӕстӕ зӕрдӕй ка уарза, е ӕ багъӕуай кӕнуни сӕрбӕлтау мӕлӕтмӕ дӕр гъӕуама цӕттӕ уа. Цард ци ӕй адӕймагӕн, цӕмӕн ӕй гъӕуй, дӕ райгурӕн бӕстӕ, дӕ уарзон адӕм, гъӕубӕстӕ, дӕ хеонтӕ кедӕр къӕхти буни ӕфсоцни къӕлӕт и буни ку гъӕрзонцӕ, уӕд. Ӕцӕг поэт уой ӕ сӕрмӕ некӕд ӕрхӕсдзӕнӕй, уомӕ гӕсгӕ ба имӕ мӕлӕт нивӕ ӕрхауӕгау кӕсуй.

Цард ӕма адзал. Аци дууӕ ӕносон царди кӕрӕдзебӕл куд ӕнгон баст ӕнцӕ, уотӕ ӕнӕфӕххецӕн нихмӕвӕрдӕй ахид ӕмбӕлунцӕ Хидири-фурти исфӕлдистади дӕр. Поэт уарзуй ӕ цард уалдзигон деденӕгау, боз си ӕй, ӕ зӕрдӕ рохс ӕй, цийнӕ кӕнуй миудхӕссӕг биндзитӕбӕл дӕр, фал еци еугур цийнӕхӕссӕг дзӕбӕхдзийнӕдтӕ дӕттӕг мадӕ-зӕнхӕ уой размӕ цитӕ бавзурста, еци тохӕрхӕн бӕнттӕ, сабийдогау ӕ зӕрдӕбӕл ку ӕрбалӕуунцӕ, уӕдта еци цийнадӕ ӕрбацидӕр уй, фунай ӕрбайсӕфуй ӕма ӕ цӕстити цори ӕристуй ӕ рагбонти зинуотӕхсӕн е 'цӕгдзийнади хӕццӕ. Ехйя ӕма е 'мдогӕнттӕ ци уӕззау бӕнтӕт бавзхурстонцӕ, ци уайӕнти раууӕдтитӕ кодтонцӕ, уой ӕ зӕрдӕ е 'знаги бӕдӕлттӕн дӕр нӕ зӕгъуй:

Минкъий уогӕй тугъди бӕнтти
Мӕ рагъӕй ласинӕ сог;
Бӕгъӕнвадӕй нӕ тар гъӕдти
Седзӕрау уинӕ ӕстонг.
Салд къотӕрбӕл тӕхгӕцъеутӕ
Бадиуонцӕ мӕ уӕлгъос.
Къаздзонӕхтӕбӕл биццеутӕ
Гуриуонцӕ мӕ фалдзос.
Фӕндӕуидӕ мӕ сӕ хӕццӕ
И бӕрзонд къолтӕй гурун.
Фал нӕ уидӕ мин уойбӕрцӕ
Евдӕлон рӕстӕг ӕппун.
Минкъий уогӕй тугъди бӕнтти
Ке нӕ байдзулдтӕн ме 'фсес.
Уомӕ гӕсгӕ син ме 'рхӕнтти
Иронхгӕнӕн некӕд ес.
«ӔРХӔН»

Уогӕ тугъди рӕстӕг мӕгурбон ӕма тухст рӕстӕгутӕй кӕци бийнонтӕ адтӕнцӕ бӕрӕг ефстӕгтӕй фӕстӕмӕ. Цард еугурей дӕр еци ӕмхузон уавӕрмӕ ӕркодта. Ӕгудзӕгдзийнадӕ син сӕ къохи бӕгънӕг къелтӕмӕ лӕбурдта, беретӕ ба си сӕ марамӕлай къӕбӕр бауyелун ӕма ниннихъуӕрунгъон дӕр нӕбал исуиуонцӕ, уотемӕй ӕнӕниннихъуӕрдтӕй сӕ хъури байзаидӕ сӕ уод сӕ фур ӕгудзӕгӕй есгӕй.

Ӕрмӕстдӕр Ехйяй бийнонтӕбӕл цард е 'гудзӕги сау пӕлӕз тугъдӕй никки раздӕр ӕрӕмбарзта, раздӕр сӕмӕ балӕбурдта е 'нӕхатир дзӕмбутӕй.

1937 анзи еу адӕймаги культи азарӕй ци миллионгай адӕмтӕ бастъалдӕй ӕвудӕй, уони хӕццӕ адтӕй нӕ исонбони искурдиадӕгин поэти фидӕ Батӕрбег дӕр. Нимад ӕрцудӕй «адӕни знагбӕл». Догӕ ба уӕхӕн ӕзмӕнст ӕма ӕмӕнтъери адтӕй ӕма – «цо равзарӕ, - ка хӕран, ка раст». Еугӕр «адӕми знагбӕл» нимад ӕрцудтӕ, уӕд дӕ хеонтӕ дӕр – знаг, дӕ зӕнӕг дӕр ӕлгъист.

Ехйа ӕнхӕст дзӕбӕх дӕр нӕ бафӕсмардта ӕ фиди, нӕ ин банкъардта ӕ дирзӕг, куствӕллад армитъӕпӕнти табедзӕ, мади ба, цалдӕр сабийей хӕццӕ ӕризайгӕй, ӕ кӕстӕрӕн «додо-бодотӕ» кӕнунмӕ нӕ евдалдӕй. Цубурд дзурдӕй, нӕ исонибони поэт ирӕзтӕй рӕвдудгъӕуагӕй. Фал уӕддӕр ӕ зӕрдӕ нӕ ниддор ӕй, кӕд цийфӕнди берӕ зинбӕнттӕ бавзурста ӕ царди, уӕддӕр адӕммӕ ӕ уарзон рахастдзийнадӕ нӕ раййивта, еци цӕрӕццагӕй байзадӕй ӕ царди кӕронмӕ.

Ехйая бийнонтӕ цитӕ бавзурстонцӕ еци рӕстӕгути, кутемӕйти гомбӕл кодтонцӕ, уой ӕнхӕстӕй аййевадон хузи равдиста ӕ автобиографион поэмӕ «Мӕ рохсаггаг ниййергутӕ»-и.

Зӕрдӕ нирресуй уӕззау цӕффӕууорӕгау мӕнӕ аци рӕнгъитӕ кӕсгӕй:

Исфицидӕ гахӕн цъӕх цивдзосӕ,
Ци 'й и сог, ку 'взарай, цит, ӕстонг?
Седзӕргӕс дигорон зӕрдрист уосӕ,
Ци 'хсаргин дӕ, уогӕ фурхуӕрзтог…

Ку нин фӕууидӕ 'мпъузт нӕ дивилтӕ,
Арти рохсмӕ 'хснадта сӕ гъе уӕд.
Уазадӕй салдтайуонцӕ ӕ билтӕ,
Уотемӕй ба рафснаидӕ скъӕт.

Аци ӕма ма поэми иннӕ нивтӕ кӕсгӕй, ӕнӕмӕнгӕ мӕ зӕрдӕбӕл ӕрлӕудтӕнцӕ Къостай поэмӕ «Сидзӕргӕс»-и нивтӕ. Ӕрмӕст Къостай седзӕрти хъисмӕт трагикон адтӕй, бӕлвурд ӕй, стонг ӕма уазалӕй син фӕййервӕзуни фӕткӕ ке нӕ уодзӕнӕй, е. Ехйай седзӕргӕс мадии бон ба бацӕй айдагъ е 'стонг сабийтӕ фӕййервӕзун кӕнун нӕ, фал ма сӕ ахури надбӕл рауадзун, адӕми тонхи сӕ рауадзун дӕр. Силгоймаги зӕрдӕ фӕлмӕн куд ӕй, федардӕр уотӕ 'й. Сезӕргӕс уосӕ исӕнхӕст кодта ӕ цардӕмбали фӕдзӕхст: «Нӕ сабийти ӕнахургондӕй ма ниуадзӕ!» Кӕд цийфӕнди ӕгудзӕг ӕма тухст уавӕрти исгъомбӕл ӕнцӕ Батӕрбеги зӕнӕг, уӕддӕр си еунӕг дӕр ӕнӕ уӕлдӕр скъола каст нӕ фӕууогӕй нӕ байзадӕй.

Ӕз Ехйай биографибӕл барӕй нӕ лӕуун мӕ финсти, ӕ поэмӕ ин райдайӕнӕй кӕронмӕ ка бакӕса, е ӕй ӕхуӕдӕг балӕдӕрдзӕнӕй, царди ци гургахъ фӕндӕгтӕбӕл рацудӕй Хидири-фурт, уой.

Цубур дзурдӕй, Ехйа литератури фиццаг къахдзӕфтӕ кӕнун ку райдӕдта, уӕдмӕ имӕ адтӕй царди устур фӕлтӕрддзийнадӕ. Е ба ин устур ӕнхӕс фӕцӕй ӕ идарддӕри исфлӕдистадон куст ӕнтӕстгинӕй хӕссунӕн. Зӕрди ци берӕ уайтӕ ӕвӕрд фӕууй, уонӕн еу бони сӕри ӕнӕ ракӕлӕн нӕ фӕууй. Ехйа цудӕй еу исфӕлдистадон ӕнтӕстӕй иннемӕ, ӕ еу ӕмдзӕвгӕ иннемӕ нивӕфтуддӕр, медесгундӕр, аййевдӕр. Уомӕ гӕсгӕ ӕй тухгиндӕрбӕл нимад 50 ӕнзти кӕрони ӕма 7- ӕнзти райдайӕнти дигорон ӕвзагбӕл ка финста, еци авторти 'хсӕн.

Ӕхе ӕрмдзӕф, ӕхе сӕрмагонд бацуд ӕй хецӕн кӕнунцӕ беретӕй. Неке хӕццӕ ин ес фӕййевдзигӕнӕн. Уогӕ еци менеуӕг хауй, ӕ доги ӕма ӕ фӕсте ка финста, еци фӕлтӕрмӕ дӕр. Алкӕмӕн дӕр си ӕхе къахвӕдтӕ бӕрӕг ӕнцӕ.

Адтӕй ма Ехямӕ еу ма менеуӕг дӕр. Ӕмдзӕвгӕ цалинмӕ листӕгӕууилд нӕ бакӕнидӕ, уӕдмӕ 'й нихъуӕргӕ некӕд кодта, гъома, газети ӕй рауадзунмӕ некӕд тагъд кодта. Хуарз ма гъуди кӕнун, нӕ еумӕйаг ӕмбурдти ӕ алли гъуди, алли рӕнгъи сӕрбӕл куд федар хуӕцидӕ, уомӕн ӕма зудта, ци поэтикон тухӕ ӕма рӕстдзийнадӕ ес, уой.

Ехйая тухгиндӕр поэтикон ӕнтӕститӕй еу ӕй ӕ уадзевзи «Не 'взаг». Дигорон ӕвзагбӕл литературӕ уа ӕви нӕ, уобӕл рагӕй цудӕй буцӕутӕ, уӕдта ма нуртӕккӕ дӕр еуӕй-еу «талингӕ ахургӕндтитӕ», исфӕлдистадӕмӕ ӕгириддӕр ка неци барӕ даруй, етӕ исхуӕцунцӕ дигорон ӕвзаг нӕ цардӕй раеуварс, къӕхти буни ӕй нинсӕндунбӕл. Уонӕн Хидирифурт ци тӕрнихсӕттӕн нихкуъӕрд равардта е 'мдзӕвги, е абони дӕр ма ӕй актуалон, поэтӕн ба ӕ ном исиста никки бӕрзонддӕр ӕмвӕзадӕмӕ. Еци «Гоппойти къуарӕн дзуапп дӕтгӕй» сӕ Ехйа ӕргомӕй фӕрсуй:

Ма куд баййевон абони
Ӕндӕр ӕвзагбӕл ме 'взаг.
Мӕ минкъий фуртӕн ӕ коми
Куд ӕрлух кӕнон е 'взаг.

Мӕ ниййергутӕн сӕ циртмӕ
Ке 'взагӕй зӕгъон рохсаг.
Куд син зӕгъон сӕ сигитмӕ:
«Исхӕран мин ӕй уе 'взаг».

Гъулӕггагӕн, нуртӕккӕ нӕ ӕвзагӕртасӕг ахургӕндтӕй еуетӕ уотӕ зӕгъунцӕ: «Ес ӕрмӕстдӕр, дигорон литературӕ кӕбӕл ирӕзуй, уӕхӕн ӕвзаг». Ӕма цума аййевадон литературон ӕвзаги ратӕдзӕн ба маддӕлон ӕвзаги бундорбӕл не 'нцойнӕ кӕнуй, ӕ ратӕдзӕн уордигӕй нӕй? 50-70 ӕнзти нӕ дигорон ӕвзаги сӕрбӕл тӕккӕ карздӕр ка исхуӕстӕй, уонӕй адтӕнцӕ: Малити Батраз, Кертанти Тӕхир, Тобойти Цӕрӕг, Гетъоти Виктор ӕма Хидирти Ехйа ӕхуӕдӕг. Уони фӕрци нӕмӕ ес абони цардӕгас литературӕ, Блашка, Геуӕрги, Созур, Тазе ӕма Хъазбегти Хъазбеги фӕсте етӕ адтӕнцӕ нӕ нуриккон литератури ӕвдӕнӕуозгутӕ. Уони фӕсте ци фӕлтӕр фӕззиндтӕй, етӕ ба сӕ устур искурдиадӕй нимбарзтонцӕ не 'взаги нихмӕдзоргути: Къибирти Амурхан, Бабочити Руслан, Скъодтати Эльбрус, Хохойти Энвер ӕма иннети. Фӕстӕгтӕй еунӕгей дӕр нӕ зону нӕма ӕ рӕстӕги Хидирифурт цӕстуарзон ӕнхус кӕмӕн нӕ бакодта, ӕ курухондзийнадӕй кӕмӕн нӕ бахай кодта.

Сӕрмагонд дзубандий аккаг ӕй Ехйиайӕн ӕ граждайнаг цӕстингас царди фӕззелӕнтӕмӕ. Автор дигорон ӕвзагбӕл ке финста, уой ин кӕд беретӕ ӕ цӕстӕмӕ дардтонцӕ, ӕ нӕдтӕ ин лух кодтонцӕ, уӕддӕр сӕмӕ некӕми ӕма некӕд кастӕй хӕрани цӕстӕй. Уомӕн ӕвдесӕн ӕ уадзевзитӕ:

Ес ин Мӕскуйӕй, Гурдзийӕй
Ӕнхус кӕнунмӕ устур зеу.
Уобӕл мӕлӕн нӕ фурцийнӕй
Иристон ке *суодзӕй еу.
«Фӕндаг».

Трансками фӕндаг байгон кӕнунӕн ӕ кой, ӕвӕдзи, цудӕй уӕлдӕрлӕууӕг хецауади къабинетти, бӕрӕг дӕр нӕма адтӕй, гъуддаг исирӕздзӕнӕй ӕви нӕ, е. Ехйа ба уӕд ниффинста ӕ аци уадзевдзи. Е дӕр дзорӕг ӕй, поэт цӕйбӕрцӕбӕл идардмӕуинагӕ адтӕй, дууӕ Иристони, маргъи дууӕ базуртау сӕ

кæрæдземæ, куд æхсицгæ гъæунцæ истæхунмæ, уотæ кæрæдзей фарсмæ æмдзæрийнæй гъæуама унонцæ еумæ æмзунд, æмвæндæ. Авторæн æ зæрдæ игæрдуй, дууæ æнсувæри, Хонсар æма Цæгат кæрæдземæй хецæн ке адтæнцæ, еци маст. Поэти гъудитæн арæнтæ некæд фæууй, æ арæнтæ гъæуама ма уа Ирисстони дууæ къабаземæн дæр.

Иссæребарæ ‘й Фæскавказ,
Не ‘фхуæрд Хонсар Иристон!
Не ‘ннæ Иристон Цæгатварс
Æй республикæ ‘хсицгон.

Хонсар Ирситон хецæн паддзахадæ иссæй Ехйай фæсмæрдæ, нæбал хаста Гурдзистони къæлæт, никкидæр фæххæстæгдæр æнцæ кæрæдземæ дууæ æнсввæрон адæми. Куд идардмæуинагæ адтæй поэт!

Нуртæккæ «тугъди сувæллæнттæ» ке хонунцæ, еци фæлтæрмæ хаудтæй Хидири-фурт дæр. Тугъд сæ æрæййафта сæ тæккæ ирæзти рæстæг. Уомæ гæсгæ ба еци уæззау бонти хуæрзæстæнтæй уæлдай сабийдоги амондадæ неке бавзурста поэти æмдогонтæй. Æ къохмæ кæпе райсунгъон кадæриддæр адтæй, етæ сæ еугурдæр кустонцæ хæдзаради.

Нæ фæййевгъаудта тугъд Хидирти бийнонти дæр. Сувæллон зæрдæбæл дарагæ æй, зæгъгæ, фæззæгъунцæ. Æ зæрдæбæл хуарз бадардта Ехйа дæр сæ гъæуи цæргути фудæбæнттæ, гъæумæ марди хабар кæмæ исисгъусидæ, еци седзæргæс уоститæ æма маддæлти зæрдæскъунæн гъарæнгæ. Фæстугъд еугай-дугайæй æздахтæнцæ тугъдонтæ дæр, фал уонæн сæ фулдæр сахъат, зæрдрист æма нифссаст. Гъæуи уæлмæрдти ревæд циртити нимæдзæ æнæуагæ берæ. Фæстæдæр Ехйа уой туххæй уотæ финста:

Не ‘ккæтеæй мадæ ‘й нæ Зæнхæ,
Ирæзæн мах æ гъæбеси.
Тугъд ку ‘рхæссуй нин фудæнхæ,
Æнкъусуй уæд зинтæ ‘фсесæй.
Æ фуртти мæрдтæ æ рони
Æ сау сасугæй бамбæрзуй.
Ке фæммард æнцæ *нагъомæй.
Тугъди цæфтæй, уомæй гъæрзуй.
«Нæ туруса сæребарæ»

Зæрдæ æхе къолтæбæл ниххуайуй, уадзевзи «цæф салдат» кæсгæй. Æригон лæхъуæн рандæ ‘й тугъдмæ, æ райдайæнæй тугъдмæ, æ хæдзари ба æ мадæ æвæгæсæгæй байзадæй. Тугъдæн æ райдайæнæй æ фæуунмæ фæццудæй æнæнади фæндæгтæбæл. Нур цæфæй исæздахтæй æ райгурæн уæзæгмæ. Бæргæ имæ радогъ кодтонцæ синхбæстæ, хеуонтæ, бæргæ сæ хъуритæ кæнуй, фал цæстингасæй ба агоруй, тугъди будури уогæй ин нифси цæгиндзæ ка адтæй, æ еци исхæссæг мади. Фал...

Еунæгæй ниууагъта  æй дзиназгæ
Æ фæсте, тугъдмæ цæугæй, неугæй.
Ма кæнæд ин нур ба нæфæразгæ,
Ку нæ уайуй сæ размæ кеугæй.

Фал имсæ нмккудтæй синхон уосæ:
«Нæй дæ мадæ нæбал цæунгъон,
Дæу хезгæй, байзадæнцæ æносмæ
Æ цæститæ е ‘сцохи игон»

Цæветтонгæ ‘ма йбæл топп февастæй,
Нецибал балæдæрдтæй уоййау.
Топпи æ нифс нæ басастæй,
Фал нур ба ку бацæй, ку, мæрдау.

«Цæф салдат»

Ехйа ци сорæттæ исаразуй, етæ æнцæ цæйуингæ, комкоммæ цума бæлвурд адæймагмæ фæххаунцæ, уотæ. Æнæ уой ба уæхæн цæф, сахъат салдæттæ еу æма дуæу тугъдæй исæздæхгæй, сæ ниййергути ку нæбал исæййафтонцæ. Еу æма дууæ седзæргæс мади нæ бакурмæ æнæцæ се дзард бæлццæнттæмæ иссæуунмæ æнгъæлæмæ кæсгæй. Беретæ... Беретæ!.. Фал Ехйай бон ба бацæй еумæйаг сорæттæй хецæн фæлгонцтæ уотæ исаразун æма сæ ка бакæса, уонæй алкæмæн дæр æхе ниййерæг мадæ æ цстимтæбæл рауайдзæнæй тугъдонтæй.

Ехйай граждайнаг лирики архайгутæ дæр æнцæ цæрæццаг: «Нæй æнадæ мæ зин цард», - зæгъуй автор. Зиндзийнæдтæ ба еу æма дууæ хатти не ‘слæууидæ Ехйай цори. Бекрæ цæлхдортæ, берæ зинтæ – цæуæн æрхитæ æма мæскъитæ исæвзуридæ æ рази, фал æ сæр некæд æркъолæ кодта неке цори. Æз ин æ царди хабæртти кой нæ кæнун, фал куд сфæлдистадон косæг, уотæ ба Ехйа поэти нолм фæхххæста кæдзосæй æма сæрбæрзондæй. Некæд исфæзхæттæй æ мадтæлон æвзагбæл, æ цæрайæй цардæй, тох кодта еудадзугдæр æ кæдзосдзийнадæбæл.

Ехйа уодæй куд рæсогзæрдæ адтæй уотæ кæдзос сауæдони хузæн æнцæ, уарзондзийнадæбæл финст уадзевзитæ дæр. Раст ку зæгъæн, уæд нимæдзæй уотæ берæ дæр нæ ‘нцæ, фал æ фæсте ци цалдæр æмдзæвги байзадæй,, етæ ба æнцæ æцг лирикон æнтæстдзийнадæ. Уарзтбæл ку рацæуй дзубанди, уæд адæймаги зæрдæ цидæр æнахур рохс ниууй, фæййирддæр уой алфамбулай æрдзæ дæр. Адæймаг уæди уæнгæ нæ, фал æстæфгæ дæр ке некæд кодта, сауæнгæ ма имæ етæ дæр тæмæнкалæг фæрдгутау зиннун райдайунцæ. Поэтти лирикон бæгъатæр æй хуæдæфсæрмæ, хебæлхуæцгæ, æ бон нæй фиддæлтиккон æгъдауи сæрти рахезун, уомæ гæсгæ ба айдагъ кизгæй нæ. Фал ма сауæнгæ æхецæн е ‘нкъарæнтæ исæргом кæнунæй дæр тæрсгæ кæнуй. Æ уæздандзийнадæ æй нæ уадзуй æ монцти сæрти рахезун. Уобæл æй поэти гъенцъун, æ катай.

Мæ зæрдæ ма æй уацари,
Дудзи хорау æй ме ‘рхун.
Фал ку не ‘фтуйуй мæ арми
Мæ хæрди ‘нæфт исзæгъун.
***
Æй мæ зæрдæ хоргун сæрдæ,
Нæ си нирхотуг æй уарзт.
Æхуæдæг æрмæст мæ зæрдæ
Басугъдæй уарзтæй тухуаст.

Уарзон кизги цæнгтæ поэмæ кæсунцæ донæхсицъи тасæг къалеутау. Арæхсуй, берæ ке уарзуй, æ зæрдæ кæмæ æхсайуй, уой сорæт æрдзи алæмæттаг рæсугъддзийнæдти хæццæ исбæттун. Уотæ цардæгас æнцæ Ехйай сфæлдистади æрдзæн æхе нивтæ дæр. Уод бауадзуй æррæстæ цæнддори, æрдзæ æма уарзт кæми исæмидолæ унцæ, уоми дуйне дзæгæрæг фестуй. Ехйайæн æ медесгундæр æмдзæвгитæй еу æй «Донгони».

Махмæ кизгæн, дан, донгони
Ходуйнаг æй æртайун.
Уосгорау æз ба билгони
Сæ фæууиндмæ фæттайун.
***
Нæ донгон син æ гъæбеси
Ходуйнагæй нæ тæрсуй.
Сæхе ‘вдолгæй, гъар æзменси,
Сæ цæнгтæй хор кæсуй.

Ци ‘хцæуæн син æй дони ‘мбæлдæ!
Фур цийнæй сæ къуар мæлуй.
Сæ ниххудти сæ гури ‘змæлд
Мæ зæрдæбæл æмбæлуй.
Æгъзалуй син цæстисугтæ
Донæхсинцъæ ба цума.
Нæ донгонæн, о кизгуттæ,
Басæттетæ æ къума.

Хуарз ма гъуди кæнун, дигорон финсгутæн Дигорай редакций азгъунсти æмбурди, аци æмдзæвги нихмæ кадæртæ кеу дзурдтонцæ. Сауæнгæ ма ‘й мухурæн аккаг дæр нæ кодионцæ, æгæр æргомæй, дан, си дзубанди цæуй бæгънæг кизгутти туххæн. Сауæнгæ ма ин редакций косгутæй кадæр ба ма уайдзæф дæр бакодта: «Донгони æртайæг кизгуттæмæ сосæггай кæсунæй æндæр дин кустаг неци адтæй, зæгъгæ. Ци киндæ уа? Догæ уæхæн адтæй. Куд ма гъуди кæнун, уотемæй æй ниммухур кæнунæн аккагбæл дæр нæ банимадтонцæ. Æз ба ‘й нимайун Ехйайæн æ устурдæр æнтæститæй еуебæл.

Хидирти Ехйа ма æй цалдæр поэмей, радзурдти автор дæр: «Æвеллон цау». «Мæ рохсаггаг ниййергутæ» æма æндæрти. Уони æхсæн сæрмагонд бунат ахæссуй æ кадæнгæ «Есе». Кадæнги сюжет æнцойнæ кæнуй адæмон тауæрæхъти бундорбæл. Нæуæг нæй æ темæ, фал имæ автор уойбæрцæ фæззелæнтæ бахаста æма ‘й банимайун æмбæлуй æ оригиналон уадзимисбæл. Оригиналон-автобиографион темæбæл финст æй æ поэмæ «Мæ рохсаггаг ниййергутæ» дæр. Аци уадзимис ка бакæса, уой Ехйай бийнонти, уæдта æхе биографи агорун нæбал багъæуздзæнæй, уотæ листæг æрлæудтæй æ фæлхæни хъисмæтбæл, сæ берæ мæгурбæнттæбæл.

Ехйай поэтикон сфæлдистадæ бæрцæй берæ нæй, фал ин исаразун ци бантстæй, етæ ба æнцæ уæзгæ. Уæззау цардим фæндæгтæбæл æй багъудæй рацæун, никки трагикондæр ба адтæй æ хъисмæт, фал нин ци бунтæ ниууагъта, етæ ба нин абони дæр æнцæ нифсдæттæг, фæлтæрти размæ хонæг. Æ алли æмдзæвгæ дæр æй хецæн дуйне, хецæн нивæ, нæ си иссердзæнæ æнæргъди æрдæгæуууилд фæззелæнтæ.

Ехйа æхуæдæг нæбал æй, фал ма не ‘хсæн ба цæрунцæ, уомæн æ ном не ‘носи имисуйнаг кæмæй æй, æ поэтикон цард ба ин даргъдæр ка кæнуй, æ еци рæнгъитæ.

КОЛИТИ Витали